

# UYO ARI MAURI



Mazviita, Hama Neville. Ishe vakuropafadzei.

Ngatirambei takamira kwechinguvana patiri kunamata. Ngatikotamisei misoro yedu zvino. Zvino vose vanoda kurangarirwa mumunamato uno, simudzai mawoko enyu muchiti, “Mwari, ndini.”

<sup>2</sup> Mutsvene wavatsvene Mwari vane Nyasha, tinounza vanhu ava mberi kweNyu, nezvikumbiro zvavainazvo. Vakumbira kuti varangarirwe. Uye, Ishe, nerwanguwo ruwoko rwakasimuka. NdinoKukumbirai kuti mutinzwirewo tsitsi. Munoziva zvishuwo zvedu, uye tinonamata, sekutidzidzisa kwaMakaita kuti tinamate, “Humambo hweNyu ngahuuye. Kuda kwenyu ngakuitwe panyika, sezvazviri Kudenga.” Baba, tinokumbira tsitsi manheru ano, kusununguka kweMweya, kuitira kuti tigokwanisa kuunza kuvanhu Zvokwadi yeEvhangeri, uye iyo yatinotenda kuti ndiyo Mharidzo yenguva, yeKereke yeNyu. Ishe, tinonamata kuti tiri chikamu cheKereke yacho iyo iri kuzodanwa mumazuva okupedzisira! Baba, kana tisiri chikamu ichocho, zvino tizarurireiwo zvatnofanira kuita kuti tive chikamu chacho. Uye Tipeiwo nyasha, simba, panguva ino yokuyedzwa iri panyika kuti iyedze vose vanogara pano. Tipeiwo Mweya weNyu Mutsvene, kuti uende mberi kwedu nokutitungamirira, kuitira kuti isu tigokwanisa pakupedzisira, pamagumo, kuzouya kwaMuri murugare, kuHupenyu hwemuna Ziendanakuenda uhwo hwakatarisirwa nevatendi vose kubvira pakutanga kwenguva. Tibatsirei, Ishe. Takumbira nemuZita raJesu. Amenii.

Garai henyu pasi.

<sup>3</sup> Ndinotenda zvirokwasvo nokuda kwemukana wokuva kunze kuno manheru ano—manheru ano, uye nokuda kwenyasha dzaMwari dzatakapiwa kubudikidza naJesu.

<sup>4</sup> Uyezve maererano neMha—Mharidzo mangwanani ano, zvino, ndinoda kuti munhu wese anzwisise zvizere. Zvino, ndiri kuvimba kuna Mwari kuti handiyo nguva yacho. Maona? Asi Mharidzo ichokwadi. Mharidzo ndeye chokwadi. Zvichaitika, zvichaitika pane imwe nguva, kana ino isiri iyo nguva yacho. Uye zvinoratidzika zvakanyanya kuti ndiyo nguva yacho, kusvikira ndanzwa saPauro wakare, akati, “Handina kutya kukutaurirai Zano rose,” munoono, zvose zvinofanira kuitwa.

<sup>5</sup> Pane chinhu chimwe chete chandaita mangwanani ano, icho chandine urombo nokuti ndachitaura. Nda—ndadana zita rehama yandinofunga kuti ari mukukanganisa. Ndanga ndisingafanire kudaro. Handimbodana zita remunhu; uye kana tepi ikazowira mumawoko ake. Uye ndinoda kumuona

ndigotaura naye, nokuti ndinofunga kuti hama, munhu mukuru, munhu wakanaka akamboparidza ipo pano papurupiti ino, Hama David duPlessis. Uye ndanga ndisingadi kudana zita ravo. Ndanga ndiri kunetseka neMharidzo, nezvimwewo, zvokuti ko kana iri iyo nguva yacho, zvino ndokudana zita rehama. Handidaro. Ndine urombo nokuti ndazviita. Ndinoda Hama David duPlessis. Ihama yedu, uye ndi—ndinofunga kuti munhu wakangwara zvakadaro anofanira kunge akarairwa zviri nani muMagwaro.

Ndinokutaurirai zvazviri. Ndeiyoyi, nhaurirano iyo David neni takava nayo . . .

<sup>6</sup> Akambotaura panzvimbo yangu mumisangano. Akaparidza kubva pane ino purupiti, kana kuti chechi yakare, ipo pano papurupiti. Uye mukoma wake, Justus, ndiye aiva muturikiri wangu kuSouth Africa, uko kwandiri kudzokera. Uye vanobva kumhuri yakanaka, imba yemaPentecosti, munhu chaiye akarurama. David akanga ari, ndinotenda, sachigaro, pane imwe nguva, weWorld Pentecostal Assemblies, uye nepaWorld Pentecostal Conference. Ndiye aive mumwe wevanasachigaro. Zvino nokufamba kwenguva akazouya kuUnited States ndokugara muno, kunze uko kuTexas, pamwe neHama Gordon Lindsay, zvino ndokutanga kuparidza munzvimbo dzakasiyana-siyana.

<sup>7</sup> Asi zvazvanga zviri, pandinofunga kuti hama yedu yakakosha yakakanganisa; sezvandingaitawo, kana chero munhu; akatanga kubata pamwe nevanhu vepamusoro-soro. Airamba achingotaura nezvePrinceton University nenzvimbo dzainge dziri kumukoka, achifunga kuti ainge ari kuita zvakanaka, uye ari kutowedzera mauswa muchoto; munoona, uye nokufara kwakadaro!

Asi zvisiri izvo zvoga, asi veFull Gospel Business Men, avo vanotsigira misangano yangu nemari, pasi rose—rose. Maona? Ndi—ndinovada varume ava, munoona, asi zvirokwasvo handiwirirane navo pazvitevedzwa izvo ivo—ivo vari—vari . . . Vaka—vakasiya kubva apo, zvitevedzwa zvavo, pavakatangira, uye zvino vave sezvakangoitawo rimwe zvaro sangano kanawo zvimwe. Maona? Uye zvazviri, havasi kuedza kuramba vari mapentecosta, asi vari kuedza kusanganisa pentecosti nezvimwe zvose pamwe chete.

<sup>8</sup> Uye zvinoratidzika kwandiri kuti Hama duPlessis, munhu anoshamisa, akanaka zvakadaro, anoziva zvakanakwana zveMagwaro kuti kana ave kuona mhandara yakavata yave kuedza kutenga Mafuta, nguva yapfuura. Maona? Rangarirai, paakauya kuzotenga Mafuta, pakanga pasisina Mafuta akanga asara. Ndiro Gwaro. Uye akati, “Tipeiwo Mafuta enyu,” kuKereke, asi haana kuAgamuchira. Anogona kusvetuka achikwira nokudzika, ogotaura nendimi, nezvimwe zvose, asi,

maererano neShoko raMwari pachaVo, haana kuAgamuchira. Zvino akanga ari kunze kune rima guru; zvino ikoko kwakanga kuine kuchema, nokuungudza, nokugedageda kwemazino, apo Mwenga akasangurwa akanga apinda mukati. Mha—mhandara yakangwara yakanga ine Mafuta murambi rayo.

<sup>9</sup> Zvino, ndi—ndinoziva mumwe murume, chimwe chinhu chakaitika pane rimwe remazuva achangopfuura. Zvazviri chaizvo, vanhu vakanaka ava, munoono, vari kuti zvisoma, munoziva zvandiri kureva, vane kakugamuchirwa pakati pevanhu. Zvino chinhu chokutanga unoziva, vanonzwa kuti ndiMwari vari kuzviita. Zvino nguva dzakawanda, ndidhiyabhorosi ari kuzviita. Maona?

<sup>10</sup> Jesu akava nomukana wokuuya pamberi paHerodhe; Akava nomukana pamberi pevakawanda, uye vaida kuMushandisa kuti ashamisire nechipo. Maona?

Ndizvo zvoga zvavari kuedza kuita kuPentecosti. Pentecosti yakabuda kubva pazvinhu izvozvo, kuti vange vakasiyana. “Zvino senguruve kumatope ayo, uye neimbwa kumarutsi ayo, vanyatsodzokera zvakare,” uye zvino muEcumenical Council. Maona? Zvakaipa zvikuru. Zvinonyadzisa.

<sup>11</sup> Mwari andichengete ndiri muduku ndakazvininipisa, kuitira kuti Azogona kuzarura Chokwadi chaKe. Maona? Handitombodi kuzviita; hapana magetsi anopenya, uye pasina zvinoonekera nezvinoshamisira kunyika. Regai nditore nzira neavo vashoma vanoshorwa vaShe. Regai ndigare neShoko.

<sup>12</sup> Zvino ndichitaura nezveEcumenical Council ichibatana neVatican. Munotenda kuti vangabatane paShoko here? Vangagona pasangano, asi havakwanise paShoko. Maona? Ndizvozvo. Saka hapana chokurerutsa. Maona? Sangano, zvose zvakafanana, zvose zvakafanana; zviru mugwara chairo, amai nemwanasikana. Asi kana zvasvika paShoko rino, ndinonyatsopikisa zvakasimba Methodisti neBaptisti nemaPresbyteriani, sezvandiri kuchiKatorike, nokuti ndiamai nemwanasikana, maererano neShoko rino. Shoko rino ndiro randinomira naro, munoono, *Iri*, rose Shoko raRo.

<sup>13</sup> Zvino, hama yakakosha iyi, iye nemudzimai wake ishamburi dzangu dzepedyo. Vazhinji venyu makaona magazini, apo hama yakakosha, yakatumwa naMwari yakatendera mudzimai wayo... Mumwe munhu akamuudza kuti anoratidzika saJacqueline Kennedy, zvino ndokugadzirwa vhudzi rakaitwa mamwe magererwo makuru nezvimwe. Chii? Anowadzana nemhando yevanhu vakadaro, nguva dzose, zvino pakupedzisira... .

Murume akanaka akatora mudzimai akaipa, mudzimai zvinozoitika kuti anozova mudzimai akanaka kana... . Ndinoreva kuti, murume akanaka akatora mudzimai akaipa, mudzimai anozova mudzimai akanaka kana kuti iye anozova

murume akaipa. Ndiratidze vaunofamba navo, ndinozokuudza kuti uri ani. Maona? Shiri dzakafanana, dzinoungana pamwe chete. Gara kure nezvinhu zvinopenya!

<sup>14</sup> Ndakadzika mumugodhi, pane rimwe remazuva achangopfuura, pamusoro-soro pemakomo ari pamuganhu weArizona ne—neMexico. Hama Sothmann neni, vagere pano, taive kumusoro ikoko pamwe chete. Zvino ndakapinda imomo ndokuchera zvakawanda zvakaita...Zvinoratidzika chaizvo kunge ndarama. Asi nzira yoga yaunokwanisa kuziva kuti haisi ndarama, zvinopenya kudarika ndarama. Zvinopenya. Zvino ndarama haipenye, inobwinya. Maona? Zvino inodanwa kunzi, i “ndarama yemapenzi.” Haitombokoshi zvinosvika kukosha kweiro dombo rainenge iri. Inonzi iron pyrite. Ndinofunga, mukati me—me...Vesainzi vanoti mvura nemaacid anobvinza, nezvimwe, hazvina kusvika ipapo zvakakwana kuiomesa nokuiunza panzvimbo yokuigadzira kuti ive ndarama. Saka i—inopenya zviri nani, asi haina mushonga unoigadzira mairi.

Uye ndizvo zvakaita Chikristu chekutenda-kwekabanga chakawanda, munoona, chinopenya, uye seHollywood. Asi Kereke inobwinya neEvhangeri.

<sup>15</sup> Zvino, imwe hanzvadzi pano, Billy achangobva mukundiratidza, vakaita zvakanaka kuwana magazini ye*Life*, mufananidzo uyu, ndokuukurisa, uya weNgirozi nomwe, uye ndokuutora ndokunditumira. Uyo ndiwo mufananidzo wacho. Uye zvino kana mukacherechedza pano, padzainge dzave kuenda, dzichikwira dzichidzokera, apo Ngirozi dzakange dzaunza Mharidzo yaDzo, dzaive muchimiro chepiramidhi; chaizvo zvandakakutaurirai, mwedzi mitatu zvisati zvaitika, zvazvaizova. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Uye Ngirozi yaionekera, yaiva nemapapiro aYo kumativi, kumashure, akasunamira kumashure, munoMurangarira. Akati, “Aiva nemusoro waKe...achiuya achimhanyisa.” Hamusi kuona here mapapiro apo? Uye heyo iyo Ngirozi apo, chaizvo sokutaurwa kwazvakaitwa.

<sup>16</sup> Zvino, Mwari voga ndivo vanogona kuita zvakadaro. Vane mufananidzo uri pano, zvakare, wemudzimai akati...Kazhinji, vanhu vanoti... .

<sup>17</sup> Muku—kunuzvera zvakavanzika, zvinonzi, “Munhu uyu ane mumvuri werufu, mumvuri mutema.”

<sup>18</sup> Zvino vanoti, “Ko, arikungozvitauro.” Munoona, ndivo vanhu vasingakwanise kuenda nzira yose, havakwanise kuzviona. Vanokwanisa kudanzira pamwe chete nemi, vanogona—vanogona kutaura nemi; asi kana zvasvika pakunyatsotenda zvose, mweya wako wose nemutumbi, havakwanise kuzviita.

Saka, asi munoona, kana Mwari vari mazviri, uye uri kutaura Chokwadi, ino ndiyo nguva yokupedzisira yenhoroondo.

Ndiyo nhorooondo yokupedzisira yenyika. Yave kuguma. Pachange pasisina nguva zvakare, rimwe zuva. Mwari vari kusimbisa zvose, zvose kune zvemweya nezvesainzi.

<sup>19</sup> Zvino pandakati, kakomana kaduku, “Shongwe yeChiedza, yairatidzika senyeredzi.”

<sup>20</sup> Vangani vanorangarira, nguva dzakare, vaiIdana kuti “Nyeredzi”? Paya paYakaonekwa zasi kuno parwizi, paAkati, “SaJohane Mubhabhatidzi, akatumwa . . .”

<sup>21</sup> Zvino, pakupedzisira, Yakaburuka pasi, zvino mufananidzo waYo ukatorwa. Taimbova neimwe pano, pane imwe nzvimbo. Hongu, vanoti iri uko nechemukona; handisi kuiona. Zvinoratidza nezvesainzi kuti iChokwadi.

<sup>22</sup> Uye zvino, uchiti vanhu vane “mumvuri.” Zvino, pano paiva nemudzimai, mufananidzo. Hoyo uyo, wamazuva ose, wakangofanana nemimwe mufananidzo; seuyu uri kutora uyo, muchina. Ndakati. . . Mumwe munhu akanga ari kunetseka nazvo. Zvino ndokuti kumudzimai, “Une mumvuri werufu, wekenza. Pane mumvuri mutema.” Mudzimai akatendeuka ndokutora mufananidzo. Mudzimai ange ari pano kuzopupura, uye anogona kunge achiri pano manheru ano, sokuziva kwangu. Maona?

Zvino, *hoyo* mudzimai uya ane chinenge chishongo chemusoro chechando chitema pamusoro pake. Zvakanaka, zvino, heunoi humboo hwesainzi hwekuti izvozvo ichokwadi. Zvino pakarepo mushure mokunge mudzimai uyu anzi “apora,” vakatora mufananidzo, zvino chakanga chisisipo. Chii zvino chakarova ziso remufanakiso? Uye chii chakabva, chisina—chakanga chisisiri paziso remufanakiso pazvakataurwa kuti mudzimai akanga apora? Maona?

Zvino, ndakamira pano, ndakakuudzai kuti Ngirozi dzakanga dziri kuuya.

<sup>23</sup> Hama Fred, vari mumwe. . . Ndamboona Hama Fred nguva shoma yapfuura. Ndafunga kuti vanga vari nechezano, asi ndavashaya pane imwe nzvimbo. O, kumashure kuno uku, ndizvozvo. Vakanga vakamira mukati memamaera ma—maviri, kana maera nechidimbu, kana mamaera maviri, nepandaive; ndokunzwa kuputika, ndokunzwa matombo, nezvimwe zvose, pazvakaputika. Ndizvo here, Hama Fred?

Zvino hedzinoi Ngirozi dzakandituma kudzokera neMharidzo. Uye pano zviri muchimiro chepiramidhi, sezvandakakuratidzai zvazvaizenge zvakaita pano, ndokukuudzai mamiro aDzaizenge dzakaita, ndisati ndaenda.

Mufananidzo pane mumwe mufananidzo, munyika yose, ndokuritora, kusvika kuMexico, riri mudenga mamaera makumi matatu rakapamhama mamaera makumi maviri nemanomwe. Uye riri mudenga zvokuti kana hunyoro kana

kuti hapana chinokwanisa...Hunyoro haufambe kudarika zvingaita mamaera masere kana mapfumbamwe, kuenda mudenga, zvino dzakanga dziri kunzvimbo kwaive kusina chinogadzira hunyoro. Maona? Zvino iri raive, ndinofunga kuti raive zvichida mamaera makumi maviri nemanomwe kuenda mudenga rakapamhama mamaera makumi matatu, kana kuti raive—raive makumi maviri-. . .kana kuti mamaera makumi matatu kuenda mudenga nemamaera makumi maviri nemanomwe pakupamhama, chimwe chazvo. Magazini ye*Life* yaiva naro, kana kuti *Look*. Nderipi racho, *Look* kana *Life? Life*, magazini re*Life*. Ndinofunga kudaro, remusi, waChivabvu 17. Ndiroro.

<sup>24</sup> Zvino hezvo izvo, zvakasimbiswa nesainzi, kuti iChokwadi, saka nokudaro ha—hatinetseki kuti iChokwadi; zvose nezvesainzi, nezvepamweya, zvakataurwa zvakaitika. Saka, Mharidzo yeZvisimbiso Zvinomwe, mukuvharwa kwazvo, ndiyo mharidzo yeBhaibheri rose. Zvisimbiso Zvinomwe zvinopfiga Testamende Itsva uye ndokuisimbisa. Ichokwadi. Zvino, tinoziva kuti izvozvo ndizvo, nekutaura kwechiporofita, nesainzi, uye neShoko. Zvitatu zvazvipurira, kuti iChokwadi.

<sup>25</sup> Nokudaro, tinoziva kuti tave panguva yekuguma. Tasvika. Handizive kuti kure zvakadini, ndi—ndi...Haazombotiita kuti tizvize, nokuti Kuuya kwaKe kuchange kwakaita “sekwembavha usiku.” Shamwari dzangu, hama yangu, hanzvadzi, ngativei takagadzirira, zvisinei. Ngatizvibatei zvakachena. Maona? Nokuti, nyika icharamba ichienderera mberi. Havatozombozivi kuti zvaitika. Kana masiwo etsitsi avharwa, vaparidzi vachange vachiparidza ruponiso, va—vachiita kuti vanhu vatendeuke, zvichienderera mberi sezvazvaingogara zvichiita. Zvakaitika mune mamwe mazera, uye zvakaitika muna. . . Zvichaitika muzera rino.

Zvino Kubvutwa kuchaitika pakarepo uye nokukasika, zvokuti nyika haizomboziva kuti havachisipo, nokuti vaenda. Ndizvo. Hapana chavanozoziva nezvazvo. Anouya oMuendesa chiverevere. Inenge yaenda, hapana chavanozoziva nezvazvo.

Saka, ivai mumunamato. Ndinamatireiwo. Ndichakunamatiraiwo. Hatizivi kuti nguva yacho ndirinhi, asi tinotenda kuti zvichava munguva shoma. Garai kure nezvinhu zvinopenya. Garai neEvhangeri, munoona, nyatsogarai ipapo zvino, munamate.

<sup>26</sup> Zvino, Billy andinyorera tsamba pano, kana kachiziviso waro, zvino ndokuti mumwe munhu anga achida kukumikidza mwana. Kana zviru izvo, (ndizvo?) simudza ruwoko rwako, kana mumwe. . . Hongu, vana vaviri. Zvakanaka, vaunzei kuno izvozvi. Uye Hama Neville. . . Uye handizive kana hanzvadzi yedu yepapiano vakauya kuno kwechinguvana, pakukumikidza mwana. Hapana kana watinoda kusiya.

<sup>27</sup> Zvino, rangarirai, panguva seino mangwana manheru, Ishe vachida, ndichange ndiri muNew York City. Uye tiri kuendako panhandare yokurwira, kuti “tirwe kurwa kwakanaka kweKutenda.”

<sup>28</sup> Saka ipo pano chaipo, hanzvadzi, kana muchikwanisa. Pano chaipo pamberi, zvino ndichazovatora. Hongu, amai. Mazviita. Uye zvino tave . . .

<sup>29</sup> Vangani vachandinamatira? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, kana Mwari achida; izvo, zvandinotarisira kuti Ari kudaro; Svondo, yevhiki rinotevera . . . Kana zvakanaka kuna Hama Neville. [Hama Neville vanoti, “Zvakanaka.”] Svondo, yevhiki rinotevera, ndichadzokazve, ndiri munzira yangu yekuenda kuLouisiana, zvino ndombomira kuti ndive nemusangano pano pakereke. [“Ameni.”]

<sup>30</sup> Ndinoda kukutendai mose nokuda kwemutsa wenyu. Mudzimai uya akanditumira zvihwitsi kumusoro uko, ndi—ndinozvikoshesa. Handizive kuti mudzimai wacho ndiani. Mumwe munhu akanditumira bhokisi rezvihwitsi netumwe tunenge tumabhora tunotebvenyuka saizvozvo. Zvemazvirokwazvo, zvanga zvichizonaka. Ndakazara nazvo iye zvino, uye ndi—ndinokutendai. Uye munofunga kuti tunhu tuduku utwu hatuna zvikuru zvatunoreva? Zvirokwazvo tunodaro; chipo chiduku. Uye nevakasiyana-siyana vachiunza zvipo zvavo zviduku zverudo. Uye vachiratidza Billy Paul, uye nokumupa, nezvimwe. Ndi—ndinozviwana, munoona. Hamuzive kuti ndinozvikoshesa zvakadini! Mwari vakuropafadzei. Ndichazvirangarira, munoona, ko kuzoti iYe anozvirangarira zvakadini. “Pamakazviitira kune mudukusa weava vaduku vaNgu, makazviitira iNi.” Maona? Zvino, tsitsi dzicharatidzwa kana tsitsi dzapiwa.

<sup>31</sup> Zvino, tine machinda maduku akanaka kwazvo pano. Mungada . . . Ndinoda kuti mugarepo muimbe *Vaunzei Mukati*, mushure mazvo. Zvakanaka, imi hama uyai pano kweminiti.

Zvangu ini, heunoi wekutanga, tumaziso tuduku tuviri twebhurauni twakanditarisa, achinyemwerera zvikuru, zvinoyevedza. Kasikana kaduku, ndiani . . . [Amai vacho vanoti, “Sharon Rose. Sharon Rose.”—Mupepeti.] Sharon Rose, izita guru kwandiri. [“Takamutumidza zita, Hama Branham, tichitevedzera wenyu.”] Semusikana wangu muduku akatungamira. [“Takamutumidza asati atombozvarwa, Hama Branham.”] Mukamutumidza asati ambozvarwa. Dai aizenge ari kasikana, maizomutumidza zita rokuti Sharon Rose. [“Taiva nechokwadi chokuti aizenge ari musikana. Aitofanira kuva saizvozvo.”] Aitofanira. [“Sharon Rose Goodman.”]

Munozivei? Handizive kana muchizviziva kana kuti kwete; dai mudzimai wangu anga akamira pano, aitopotsa afenda. Iyi ndiyo mhando imwe chete yerokwe iro musikana wangu muduku

akange akapfeka paakakumikidzwa, Sharon Rose muduku. Uyu anokwanisa . . . Dai uyu akararama; apo, Mwari vakatora wangu.

Zita renyu rekupedzisira rinonzi ani? [Amai vanoti, “Goodman.”] Mai uye . . . Muri vemuguta rino? [“Chicago.”] Chicago. Hama nehanzvadzi Goodman, Mwari vakuropafadzei.

Munoziva, Sharon wangu muduku akanga akaita saizvozvi. Handifungidziri kuti pane mumwe munhu muno anomurangerira kuti airatidzika sei. Akanga aine maziso maduku ebhurauni seaya, saamai vake, kasikana kaduku kaitapira zvikuru kaine vhudzi rakasvibirira. Zvichida . . .

Mwana akura zvakadini? [Amai vanoti, “Mwedzi mishanu.”—Mupepeti.] Mwedzi mishanu. Aiva memwedzi misere apo Mwari vakamudana kumusoro. Ndakamuona, mushure zvishoma maizvozvo. Munoziva nyaya yacho. [“Tinayo kumba, patepi.”] Munayo kumba, patepi.

Sharon Rose rinobva muShoko. Ndakarishandura, kubva pana, “Rose reSharon.” Zvino Aida rimwe duku, rawo, paartari yaKe, nokudaro Akaritora. Maona? Zvino ndichazova naye zvakare. Dai Sharon wenyu muduku ararama zvokuzadzikisa upenyu hwaangadai akararama pano panyika. Uye dai akazova nemi muKubwinya, sokunzwa kwandinoita kuti Sharon wangu achange aineni.

Wakadiniko? Maona? Ungataure here nezvekanhu kaduku kane hushamwari, tarirai aka! Ari kungonyemwerera.

Ngatikotamisei misoro yedu.

Mwari vanodikanwa, apo ndakabata pfuma duku iyi, Sharon Rose muduku. Munoziva mumoyo mangu, Ishe, zvandiri kufunga, saka handifanire kuzviture. Ngaarumbidzwe Mwari Anopa matombo anokosha aya kumoyo yedu! Ropafadzai musha uyu wekwaGoodman. Dai vabereki vakaremekedzwa, zvinova ndizvo zvavari, kuva neibwe rinokosha rakadai mumba mavo. Dai rikaramba riri mumba mavo, Ishe. Uye kana paine ramangwana, muitei kuti ave mudzimai anoremekedzwa pane ramangwana.

Uye zvino, Ishe Mwari, mukuteerera zvaMakatiraira, nemuenganiso weNyu, kuti tiite, Makatora vana vaduku mumawoko eNyu mukavaropafadza, uye mukati, “Regai vana vaduku vauye kwaNdiri.” Zvino vanza mwana kwandiri, zvandiri muranda weNyu, sokutaura kwaMakaita kuti varanda veNyu vaenderere mberi nebasa reNyu. Zvino pano pamire varanda veNyu, Hama Neville, neHama Capps, neni pachangu. Uye zvino, Ishe Mwari, kubva mumawoko ababa naamai, tinoKupai Sharon Rose Goodman muduku, uyo watinokumikidza kuhupenyu hwekushumira, nemuZita raJesu Kristu. Amen.



Mwari vakuropafadzei! [Hanzvadzi Goodman vanoti, “Hama Branham, tine vamwe vashanu zvakare kumba, vasikana vaviri nevakomana vaviri.”—Mupepeti.] Vaduku vashanu, tisingaverengere uyu! [“Hongu.”] Zvinotapira sei! Mwari vakuropafadzei, Hama Goodman. Mwari vakuropafadzei, Hanzvadzi Goodman. Uye dai Mwari varopafadze Sharon muduku!

Makadini, hama? Zvino regai tione, ndi—ndi...Arnett. [Baba vanoti, “Arnett.”—Mupepeti.] Arnett. Arnett, ndizvozvo. [“Akapihwa zita—akapihwa zita renyu.”] Ndizvozvo? William, William Arnett? [“James William Arnett.”] James William Arnett. Uyu mukomana akanaka. Munoziva, zvimwe zvinhu zvatakafanana, iye neni, nekare; mazita, uyezve tinopetura vhudzi redu zvakafanana, munoono. Iye mukomana akanaka, Jimmy. Ndinofunga kuti ndizvo zvamunomudana muchiita, James? [“James.”] James, zvino, zvakanaka.

Handizive kana ndikagona kumubata? [“Anogona kukutenderai.”] Handizive. Zvino, Jimmy, zvakanaka, isu tiri shamwari chaidzo. Unozviziva, handiti? Zvakanaka.

Ngatikotamisei misoro yedu.

Ishe Mwari, Makaropafadza musha uyu, musha wekwaArnett nemukomana uyu muduku akanaka. Zvino ndinonamata kuti mugoropafadza baba vake, amai vake, nevadikani vake. Ivo Makristu. Kuti baba vake vakarwisa zvakasimba zvakadini, midzanga yefodya nezvimwewo zvakasiyana, kubva...Rimwe zuva kwakauya, “ZVANZI NAJEHOVHA.” Akanga akaita somudzimai uya akanga akatsunga moyo kuti akanga ari kuzosvikako. Kunyange bhizimusi ravo rakavakundika, uye zvinhu zvose zvikaita sokukundika, akatora zvakadaro chimwe chikamu chemari yake ndokumirira hurukuro mushure meimwe hurukuro yedungamunhu, kusvikira mamwe mangwanani zvakaitika. Akatenda kuti zvaizoitika.

Zvino aunza kakomana kaduku aka kaMakamuropafadza nako, O Mwari, chibereko chekubatana kwavo. Ndinoropafadza uyu muduku James William Arnett, nemuZita raJesu Kristu. Mupeiwo upenyu hwakareba. Mumuite murume akakodzera muEvhangeri yeNyu pane ramangwana, kana paine ramangwana. Uye, pakupedzisira, muHumambo huchazouya, dai tikange tiriko pamwe chete. Ini...Varanda veNyu, tinoisa mawoko edu pamusoro pake nokumukumikidza kuna Jesu Kristu, kuhupenyu huno hwekushumira. Amenii.

Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, hama. Pane vamwe vaviri zvakare? Ava vamwe chete. Zvakanaka.

Ndinotenda kuti ndiwe unotogona kundisimudza, pane kuti ini ndikusimudze. Uyu ndi...[Hama Arnett vanoti, “Ndi—ndiAl.”—Mupepeti.] Alfred, naAl naMartha. Itai kuti ungoro,

ndinoda kuti vaone vana. Ndinofunga kuti, kana vari vacheche, vadiki, vanotapira.

Zvino ngatiisei mawoko edu pamusoro pavo.

Zvimwe chetezvo, Mwari Samasimba, isu varanda veNyu, tinoisa mawoko edu pamusoro pevana ava, mukoma muduku nehanzvadzi yekakomana kaduku kachangokumikidzwa pano. Tinoisa mawoko edu pavari mu—mukukumikidza, kubva kuna amai nababa, kumawoko aJesu Kristu, kuhupenyu hwekushumira, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Mwari vakuropafadzei, Al naMartha. Hanzvadzi, zvakanaka zvikuru kukuonai zvakare. Ishe ave nemi.

Uyu muchinda muduku, zvangu ini, mukomana akanaka. Ndaimbokwanisa kukama vhudzi rangu saizvozvi. Maona? Anonzi ani? [Baba vanoti, “Terrell Keith Walker.”—Mupepeti.] Ke-...[“Terrell Keith Walker.”] Herrell Keith Walker. Mukomana akaisvonaka sei!

Handzive, handingoziva, munoona. Anonditarisa sokunge angangozviita. Handzive kana ndichikwanisa kumubata? [Mwana anotaura—Mupepeti.] Ndizvozvo, Keith? O, mukomana akanaka. Chokwadi. Haasi here mukomana muduku anodikanwa? Herrell. [Amai vanoti, “Terrell.”] Herrell, Terrell Keith Walker.

Mwari Samasimba, kubva mumawoko evabereki nokuisa mumawoko aJesu Kristu, Terrell Keith Walker muduku, tinoisa mawoko edu pamusoro pake mukukumikidza kuna Mwari Samasimba. Sezvo baba naamai vanoshuvira kuti mwana uyu akudzwe mukuraira kwaMwari. Kana paine ramangwana, muitei muranda akakodzera kukumikidzwa uku, nokuti isu varanda veNyu tinoisa mawoko pamwana uyu nokumukumikidza kuna Ishe Jesu Kristu. Amen.

Ropafadzwai, Hama Walker. Ava ndiHanzvadzi Walker? [Hanzvadzi Walker vanoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Zvakaisvonaka. Mune mukomana akanaka zvikuru, uye Mwari vakuropafadzei.

[Hama Gramby vanotaura neHama Branham—Mupepeti.] Zvakanaka, changamire. [Hama Gramby vanoenderera mberi vachitaura.] Hongu. [“Ndokumunamatira paakazvarwa. Akazvarwa aine bundu mushaya. Zvino imi makamunamatira, zvino ndokubva rabva pakarepo.”] Musikana muduku uyu, ndewa Hama Grimsley vedu...[Hama inoti, “Gramby.”] Gramby. Ndi—ndinozvivhiringidza. Ndine mumwe Hama Grimsley, ndinoramba ndichifunga...Hama Gramby vaunza kasikana kaduku aka. Zvino paakazvarwa, aiva nezibundu kumeso kwake. Zvino ndakamunamatira, uye bundu ndokubva. Uye zvino vave kuda kunamata, nokuti...Vabereki Makristu? [“Havasi Makristu.”] Havasi Makristu. Zvino vari kutya kuti mwewa wakaipa uri kutora mwana, zvino vanoda kuti ubviswe.

Ngatinamatei.

Ishe Jesu, pamwana uyu, paakakotamira paartari... Uyo, wamakaratidza nyasha, kubvisa bundu raive mukanwa make. Iye zvino mweya wakaipa uri kuedza kuda kutora upenyu hwemwana uyu. Pasina kupokana munogona kushandisa musikana uyu, uye nokuronga kuzviita, Satani ari kuedza kuvhiringidza zano iroro. Nokudaro, tinoraira Satani, nemuZita raJesu Kristu, kuti abvise mawoko ake—ake naiyewo pachake abve pamwana uyu; apo tiri kumupa kuna Ishe Jesu Kristu, kuti Mwari vabwinyiswe. Amen.

Hama Gramby, ingotendai. Mwana achiri mudukusa zvokukwanisa kuva nokutenda, asi zvichava saizvovo.

<sup>32</sup> Ndinomuda. Hamumudiwo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Anoshamisa.

Zvino, munhu wose, ndavimbisa manheru kuti ndichange ndabuda panozosvika eight-thirty, saka zvinondipa hafu yeawa. Handichaziva zvino nezvazo. Ndinogona kuti darikirei zvishoma pane idzodzodz. Asi iye zvino ngati...

<sup>33</sup> Ndinofara kuona Hana Dauch pano mangwanani ano. Uye handizive kuti mumwe murume uya aenda kupi; asi mangwanani ano, kana vakambova nemumwe akavafana, panga paine mumwe murume anga akagara neche kumashure uko, akavafana zvakanwani. Ndati, “Ndevapi zvino Hama Dauch?” Ndatarisa mberi nekumashure, uye ndanga ndichazoridana; zvino ndanga ndakanyatsoputirwa muMharidzo. Munoziva, Hama Dauch, munoratidzika sezvamagara muri. Ndinofara kuvaona vari muchinhano chakadaro.

<sup>34</sup> Nguva shoma yapfuura, ndakawana foni yaibva kure kuTucson, kuti ndivanamatire zvakare, nokuti chimwe chinhu chakanga chaitika kwavari. Hama Dauch vane, ndinofunga, makore makumi mapfumbamwe kana kuti makumi mapfumbamwe nerimwe. Vane makumi mapfumbamwe okuzvarwa, ndinotenda, kana makumi mapfumbamwe nerimwe. Zvino mutumbi wako unopera basa. Asi, “Akawanda matambudziko evakarurama, asi Mwari vanomudzikinura kubva kune ose.” Uye pane dzimwe nguva, kana mutumbi wavsvika panzvimo yokuti unenge usisakwanise kuramba wakasimba, ndinoziva kuti vakabatirira kune rumwe Ruwoko. Kunyange ukava kamurwi kevhu, Mwari vakavimbisa kuumutsa zvakare, mumazuva okupedzisira. Uye ndinotenda zvikuru.

<sup>35</sup> Ndinorangarira Hama Dauch, pavakauya muchidziva pano kuti vabhabhatidzwe muZita raJesu Kristu, uye vakanga vasina kana hanzu pano dzokuti vabhabhatidzwe vakapfeka, asi vaida kuenda zvakanwani. Uye Mwari vakaita nyasha dzakawanda kumurume uyu. Pafungei, vadarika nemakore makumi maviri nguva iyo yavakavimbiswa naMwari. Maona? Kana dzisiri nyasha!

Uye vachakarara, nerimwe zuva, nemoyo wakanga wakundika zvachose, nemoyo wakanga wakomoka, munoona, pamusoro paizvozvo. Ndokunge kana Mwari vasina kupodza murume iyeye nokumuunza kubva ipapo, pakarepo. Uye ndinotenda, kubvira ipapo, chiremba wake akafa. Ndizvo here? Ndinoz- . . . Hongu, kunyangwe chiremba, chiremba wechiJudha a—akanga ari kuvarapa, nezvimwe, uye akamira muhora ndokutaura neni nezvavo, akatofanotungamira. Maona?

Zvangu ini, rwakawanda zvakadini, rwakadzika zvakadini rudo Rwenyu, O Ishe! Rwakakura zvikuru rudo rweNyuu!

<sup>36</sup> Iye zvino, tine mahengechepfu pano atiri kuzonamatira, munguva shoma. Asi ndichati taurei zvisoma pamusoro pekutenda, zvino tozoonza zvatintungamirirwa naShe, zvatichozaita kubvira ipapo kuenda mberi. Zvakanaka, ngatingozvisirai kwaAri, ndiyo nzira yakanakisisa. O, kugara pamwe chete munzvimbo dziri Kudenga!

<sup>37</sup> Ndataura nedzimwe shamwari dzangu, nhasi, mushure mokunge ndabuda muBlue Boar iri uko. Zvino ndati, “Muchamirira here shumiro?”

<sup>38</sup> “Hongu.”

<sup>39</sup> Ndikati, “Pamwe muchatozofanirwa kuti muzotyaira kusvikira twelve kana one-o’clock.” Vanotarisa kuzosvika kumba nasix dzemangwanani, kure-kure chaizvo. Rangarirai, vanhuwo, uye vanoneta sezvandinoina. Nenzira inodzika zasi nemuTennessee, nokupoterera, vachienda. Mwari avaropafadze.

<sup>40</sup> Pane zvinhu zvakawanda zvandinogona kutaura; ndinogotora nguva yose. Asi ha—handikuonei kakawanda, uye ndi—ndi—ndinofarira kutaura nemi, neimwe nzira. Asi kana ndikasakuudzai zvose zvandinofunga nezvenyu, pano, . . . Maona?

Ndinoda kuudza idzi hama. Vamwe vavo vapfiga machechi avo.

<sup>41</sup> Hama Jackson, vari pano mangwanani ano, vava dudziro yakaisvonaka ye—yendimi dzataurwa neimwe hama, uye vachisimbisa kana kutsigira kuti Zvanga zviru zvaMwari. Macherechedza here, haAna kumboti Zvanga zvisiri izvo, haAna kumboti handizvo; Angopa yambiro yokuteerera. Maona? Maona? Saka, Hama Junior vanga vari pano mangwanani ano, ndokupfiga kereke yavo.

Uye ndinonzwisisa kuti vamwe vehama vabva zasi . . . mamwe machechi, vanobva kuno kuSellersburg.

<sup>42</sup> Ne—neHama Ruddell, vanga vari pano mangwanani ano. Handizive kana vari pano manheru ano kana kuti kwete. Zvakanaka, pano zvakare manheru ano! Zvakanaka, Mwari vakuropafadzei, Hama Ruddell. Uye nemi . . .

Handikwanise kuzvitauro, izvo chaizvo zvandinofunga. Asi zvichida... Zvakanaka, kana tasvika kune rimwe divi, ndinoda kugara pasi nemi kwezviuru gumi zvemakore, mumwe nomumwe wenyu, munoona. Zvadaro, munoona, tinozokurukurirana.

<sup>43</sup> Uye apo goho richakaibva, uye vabati vari vashoma, ngatinyatsopindai mazviri, manhenda panogona kunge paine mutadzi agere muno. Panogona kunge paine mumwe munhu nhasi manheru anogona kushandura mafambiro ake ose.

Uye dai yanga isiri iyo nguva, mangwanani ano, manheru ano anogona kupfiga maBhuku. Rangarirai, hapana kana mumwe anozopinda kana mazita adzikinurwa.

Ndisati, zvino, munhu wese ngaateererese ndisati ndaverenga Gwaro.

<sup>44</sup> Vose vanozodzikinurwa, Mwari vakaisa mazita avo muBhuku reGwayana reHupenyu nyika isati yambosikwa. Vangani vanozviziva? Ndiro Gwaro. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Zvino antikristu, mumazuva okupedzisira, achange ari pedyo zvikuru nechinhw chechokwadi, Kereke yechokwadi, zvose sezvakange zvakaite Judhasi, kusvikira zvaitonyengera Vasanangurwa dai zvaikwanisika. Ndizvo here? Asi hapana munhu anogona kuuya kuna Jesu kunze kwekunge Mwari vamutuma, uye vose avo Mwari vakaMupa vanouya kwaAri. Zvino paAnotora Bhuku racho, zita rokupedzisira . . .

<sup>45</sup> Munoona, vose vomuzera raRuther, Akavabuditsa kunze. Vose vomuzera raWhisiri, Akavabuditsa kunze. Vose vemumazera akasiyana, nezera rePentecosti, Anovabuditsa kunze. Vari neche kuno uku, havazotongwi navo. Vari Kubvutwa. Uyezve kana zita rokupedzisira rabuda, rakaiswa paBhuku reGwayana reHupenyu, rakauraiwa nyika isati yavambwa; kana zita rokupedzisira radzikinurwa, basa raKe rinenge rapera, Anouya mberi kuzotora izvo zvaAkadzikinura. Zvinoita kuti moyo yedu ijuje ropa. Asi kana ikaenderera mberi kwechimwe chiuru chemakore, panenge pasina kana mumwe chete anodzikinurwa.

Uye hapana anogona kudzikinurwa kunze kwekunge vakaiswa muBhuku reGwayana reHupenyu nyika ino isati yavambwa. Ndivanaani? Handizive. Hapana mumwe anoziva, munoona, kunze kwaMwari voga. Ndiri kuvimba kuti mumwe nomumwe wedu, mazita edu akanga ari muBhuku iri. Kana rangu ranga ririmo, ndine chokwadi chokunge ndiriko; kana ranga risiko, ndinenge ndisiko. Ndizvo zvoga. Munoona, zvinongori, zvinongori kuna Mwari. “Handi uyo anoda, uyo anomhanya, asi Mwari vanoratidza tsitsi.” Maona?

<sup>46</sup> Iye zvino ngatichiendai kuShoko, nokuremekedza kwese nokuperera. Uye ndinofunga kuti ndicho chezvimwe zvinhu

zvatnofanira kuita, munoon. Ngatiregei zvakawanda zvisina maturo! Ivai munoremekedza, makaperera!

Ndakacherechedza kureurura kuya apo vai... Paterevhizheni, pavaiva nemusangano uya waBilly Graham; hapana daka naBilly Graham. Asi kunze uko kuCalifornia, murume uyu akaparidza mharidzo yakanaka kwazvo manheru okupedzisira; akaparidza zvimwe chete zvandakaparidza pano nguva shoma yapfuura, nezvaDhaniere, "Wayerwa muchikero ukaonekwa usina kukwana." Vangani vakazviona? Vazhinji venyu, ndinofunga kudaro.

<sup>47</sup> Onai, makacherechedza here vanhu vachiuya nemunzira dzepakati pezvigaro, vachitsenga chingamu, vachiseka, vachitamba zvokurovana nezvibhakera? Handiko kufamba pakati perufu neHupenyu. Hapana kunzwa urombo nokuda kwechivi, pamwe nokutendeuka. Maona? Ndizvo izvo Billy akati, "Kutora sarudzo." Zvino sarudzo, ine ziso rakatonhora, rakaoma, hapana zvairi, hapana chinhu. Unofanira kunzwa urombo nokuda kwechivi, zvino wotendeuka kubva kwachiri.

Zvino Billy iye pachake akati, "Zvinoratidza kuti, kubva pazviuru makumi matatu, hauzowani makumi matatu mukati megore rimwe." Akati, rimwe zuva, "Ko New York ine dambudziko rei? Ndakava nomusangano mukuru ikoko, zvino chii chakaitika? Chivi chatonyanya kupfuura zvachakange chiri."

<sup>48</sup> Zvino chicharamba chichiwedzera kuipa. Pachange pasisina ku-. . .kutendeuka kwenyika. Nyika yaparara. Kungori nemi, munhu nemunhu; uye nenguva isipi zvichange zvapera, ndokunge kana zvisati nechekare. Zvino, ingozvinyorai pasi, imi vana vechidiki. Moona kuti Hama Branham . . . Havasi Hama Branham. Izvo zvandakataura ndizvozvo kana kuti handizvo. Chivi chicharamba chichiwedzera kuipa nokuipa kusvikira rimwe zuva matenga ahabatira moto, uchawira panyika, zvino nyika ichabvira nokupisa kukuru. Asi, Vadzikinurwa vanenge vasisipo pano panguva iyoyo, vanenge vaenda.

<sup>49</sup> Zvino muBhuku raMutsvene Marko chitsauko 11, Johane weKutanga 4:4 nemuna Mateo 28:20, ndinoda kuverenga.

<sup>50</sup> Zvino, kutanga, ndinoda kuverenga kubva muna Mutsvene Marko, chitsauko 11, uye ndima 12 kusvika 24.

Nyatsoteereresai zvino patiri kuverenga. Uye zvino izvi zviri kuzotsigira chapupu chiduku, nemashoko mashoma ekukurudzira, zvino tinozoona izvo Ishe zvavari kuda kuti tiite. Munhu wese ngaarambe akagara pasi uye muve mumunamoto zvino, patiri kuverenga.

<sup>51</sup> Marko 11:12.

*Fume mangwana, vakati...vachibva Bhetania, akaziya:*

*Zvino akati achiona muonde uri kure une mashizha, akaendako, achiti zvimwe angawana chinhu pauri: zvino paakasvika pauri, haana kuwana chinhu asi mashizha bedzi; nokuti yakanga isiri nguwa yemaonde.*

*Zvino Jesu akapindura akati kwauri, Kusava nomunhu unozodya zvizereko pauri kubva zvino nokusingaperi. Vadzidzi vake vakazvinzwa.*

*Vakasvika Jerusarema: zvino Jesu akapinda mutemberi, akatanga kubuditsa vaitengesa nevaitenga mutemberi, akawisa matafura evaitsinhanisa mari, nezvigaro zvevaitengesa njiva;*

*Akasatendera munhu kuti atakure nhumbi mutemberi.*

*Akadzidzisa, achiti kwavari, Zvaka...nyorwa kuchinzi, Imba yaBaba yangu ichanzi...imba yokunyengerera yamarudzi ose? asi imi makaiita bako ramakororo.*

*Vaprisita vakuru nevanyori vakati vachizvinzwa, vakatsvika pavangamuuraya napo: nokuti—nokuti vakanga vachimutya, nokuti vazhinji vose vakashamiswa nokudzidzisa kwake.*

*Zvino nguwa dzose kana ava madekwana, waienda kunze kweguta.*

*Vakati vachipfuura nepo, mangwanani, (zvino rava rimwe zuva), vakaona muonde wawoma kubva pamidzi.*

Mukati memaawa makumi maviri nemana, chishamiso ichi chakanga chatoitika, mushure mokunge Ati kwauri, “Hapana munhu achadya.” Hapana, pakuratidzika, zvakanga zvaitika ipapo; asi, nezuva rakatevera, wakanga wawoma.

*Petro akarangarira akati kwaari, Rabhi, tarirai, muonde wamakatuka waoma.*

*...Jesu akamupindura, akati kwavari, Ivai nokutenda muna Mwari.*

*Nokuti zvirokwasvo ndinoti kwamuri, Mumwe nomumwe unoti kugomo iri, Simudzwa, ukandwe mugungwa; asingapokane mumoyo make, asi achitenda kuti zvaanoreva zvichaitika; uchava nazvo zvaataura.*

*Saka ndinoti kwamuri, Zvinhu zvose zvamunonyengerera, nokukumbira, tendai kuti mazvigamuchira, mugova nazvo.*

*Kana mukamira muchinyengerera, kanganwirai, kana mune mhaka nomumwe: kuti nababa venyu vari kudenga vakukanganwiri kudarika kwenyu.*

*Asi kana musingakanganwiri imi, nababa venyu vari kudenga havakukanganwiriyi imi kudarika kwenyu.*  
(Pane zvirango.)

52 Zvino ndinoda kuverenga Johane weKutanga 4:4.

*Vana vaduku, imi muri vaMwari, makavakunda: nokuti. . . (Nyatsoteeresai) . . . uyo ari mamuri mukuru, kupfuura uyo ari munyika.*

53 Regai ndipaverenge zvakare.

*Vana vaduku, imi muri vaMwari, makavakunda: (Kureva antikristu), nokuti uyo ari mamuri mukuru, kupfuura uyo ari munyika.*

Manzwi echisazita maviri, munoona, “uyo,” inzwi rechisazita; “uyo” ari munyika, ne “Uyo” ari mauri. “Uyo ari mauri mukuru kupfuura uyo ari munyika.”

54 Zvino, chi—chitsauko 28 chaMutsvene Mateo, uye ndima 20.

*Muvadzidzise kuchengeta zvole zvandakakurairai imi: . . . tarirai, ndinemi mazuva ose, kusvikira pakuguma kwenyika.*

55 Zvino musoro wechidzidzo kubva ipapo, manheru ano, ndinoda kushandisa izvi semusoro wechidzidzo: *Uyo Ari Mauri*. Zvino pane izvozvi ndinoda kuvaka kutenda, saizvozvo, kuitira shumiro yemunamato. Uye nokukasika . . .

56 Zvino, zvakaita sezvandakutaurirai, ndinoda kukugadzai pazviitiko zvichangobva mukuitika. Uye ndinowanzomirira kusvikira ndauya ku—kukereke pano, kuti nditaure zviitiko. Uyezve kana vamwe vachida kuzvinzwa, vanogona kuzviwana kubudikidza nematepi. Asi ndinomirira kusvika ndave pano.

Uye pane, vangangoita, kuchiitiko ichi chandiri kuzokutaurirai nezvacho iye zvino, pane varume vakati kuti pano vanova zvapupu zveizvi, hama dzeChikristu. Mumwe akanga aripo, aiva Hama Banks Woods. Mumwezve akanga aripo, aiva Hama David Woods. Mumwe, ari pano, aiva Hama Evans nemwanakomana wavo, Ronald. Mumwe akanga aripo, mudhikoni wedu anoremekedzwa, Hama Wheeler. Uye mumwe, ari pano, aiva Hama Mann. Hama Mann vari pano here, vekuNew Albany? Mushumiri weMethodisti wandakabhabhatidza muZita raJesu Kristu, nguva shoma yapfuura, vaivepo, zvakare, pazvakaitika.

57 Kwava nenguva yakati kuti, kwemakore mashoma, apo ndakava nemutoro wakadzika muchipfuva changu zvokuti ini. . . mumoyo mangu. Ndaizvinzwa sokunge pane chakaipa chandakange ndaita. Zvino ndakanzvera upenyu hwangu, zvakare nezvakare nezvakare, kuti ndione chaive chakakanganiswa. “Ishe, kana—kana paine chakaipa chandakaita, zvino Imi chizarurei kwandiri, chakaipa, zvino ini ndinoenda ndonochigadzirisa.” Asi hapana chakazarurwa



kwandiri. Ndaiti, “Pane wandakarwadzisa here? Pane here chandakasiya ndisina kuchiita? Ndaka...ndiri kuverenga here zvakakwana? Ndinonamata here zvakakwana?” Zvino ndakaverenga nokunamata. Uye—uye ndai—ndaiti, “Zvizarurirei kwandiri. Pane wandakakuvadza here, pane imwe nzvimbo? Kana ndakazviita, ndichazvigadzirisira. Chingondiratidzai; handidi mutoro uyu.” Zvino kwemakore mashanu apfuura, kubvira pandakabva kumunda wekuvhangeri, panga paine mutoro wakaremba mumoyo wangu.

<sup>58</sup> Ndakaenda kumakomo. Ndikaenda kumahombekombe egungwa. Ndakaenda kwese-kwese, ndikanamata ndikanamata ndikanamata, ukaramba kubva. Uye ndikafunga pamusoro pezvose, kana pane chandakaita. Asi iwo, zvakadaro, hauna kubva; sokunge, ndakanga ndiri muhusungwa.

Uye zvinoshamisa kuti iwo wakasimudzwa ipo panguva iyo Mharidzo ino yakauya, munooni, yamangwanani ano. Zvino, ndiMwari here vanga vakazvichengetedza kuitira izvi? Handizive. Munooni, ini...Zvinhu zvose izvi zvakanga zviri mupfungwa dzangu. Ungafunga zviri mumoyo wemunhu kana uchigara nezvakadaro, munooni, kufunga pamusoro pezviri kuitika; uye, kuziva, kuudza vanhu, uchiziva kuti vamwe vachazvibata nedivi risiri iro, vamwe vachaenda nenzira *iyi*, nenzira *iyi*. Uye munoziva zvazviri. Uye vamwe vachatenda, uye vamwe havatendi. Uye, asi ndizvo zvaunofanira kutarisana nazvo.

<sup>59</sup> Ko ungazvitaure sei usingarwadzise? Ko ungazvitaure sei, kuti zvine zvazvichaita? Ko ungazvitaure sei, kuratidza vanhu kuti ha—hausi kuvatuka, kuti unovada? Ko ungamira sei nezvinodikanwa uye wakasimba, asi uine rudo? Uye, o, ko uchazviunza sei? Zvino ndine nhamo kana ndikasazviunza! Maona? Zvino hezvoka izvo. Maona? Ndosaka, zvinokuita kuti uhute-hute uchinetseka.

<sup>60</sup> Ndakanga ndadzika kubva—kubva...ndakakwira ndichibva kuArizona, kuti ndisangane neboka rehama kuno, vanoenda kunovhima neni kumusoro muColorado, gore negore.

Zvino, vamwe vanhu vagara vachinetseka, “Munoenderei kunovhima? Chii chinokuitisai kudaro?”

Munooni, *pano*, imi muri kuzadzwa, ini ndiri kuburitsa kunze; *uko*, ndiri kuzadzwa, kuitira kuti ndigoburitsa kunze. Maona? Zvino, handingoendi kunopfura mhuka. Ko, vanhu, wese ari pano anoenda neni, anoziva kuti ndinopfura nepane mazana emhuka uye ndorega kana kumbodzibata. Handidarwo.

<sup>61</sup> Zvino, pano nguva shoma yapfuura, ndakatanga kupfurira veChristian businessman mhuka, apo pavaienda vachiti, “Billy, ndiunzirewo nzombe, ndiunzirewo mhoo, ndiunzirewo nondo, ndiunzirewo *iyi*, kana *iyi*, neyeyo.” Ndaizoenda

kunze ndonopfura mhuka, kubva kurudyi nekuruboshwe. Mwari vaineibatsira kuti ndione nokuwana mhuka, uye nokunyatsokwanisa kupfura, nokudzirova. Zvino—zvino ivo vaizongogara vachitaura nezvemabhizimu avo.

<sup>62</sup> Zvino Ishe vakazondiudza kuti ndisasozviita zvakare. Uye ha—handina kunzwa zvakanaka nokuda kwazvo, saka ndakaVavimbisa kuti handaizozviita zvakare. Kwete. Ndikati, “Kana iri kudiwa zvechimbichimbi uye munhu wacho achiida, ndaizozviita. Asi kana vasingaidi, handizviita.” Ivo varume ava, vane mari yakawanda yokutenga nyama yemombe nezvimwe zvinhu. Saka ndinozozviitirei? Rega mhuka irarame kana usiri kuzoishandisa.

<sup>63</sup> Saka ndinongoenda kuti ndive ndoga. Uye munhu wese, anoenda kunovhima neni, vanoziwa kuti handiende kunovhima nemumwe munhu. Ndinoenda kwangu ndoga, kuti ndinge ndiri ndoga. Ndinoenda navo, kuti tiwadzane manheru, tigomira tichinamata, nezvimwe zvakadaro.

Asi pakanga paine vamwe vashumiri vakawanda ipapo. Kwaivapo, kumusoro mumakomo gore rino, kwaiva neHama yedu Palmer. Ndinotenda kuti ndavaona pane imwe nzvimbo chinguva. . . Ava vari pano, vagere pano, Hama Palmer. NeHama Bob Lambert, vanga vari pano mangwanani ano, ndavanzwa vachidanidzira pane imwe nzvimbo. Ndinofungidzira kuti vachiri pano. Uyezve paiva neimwe hama. . . vakomana vaviri vekwaMartin, ndinofunga kuti vari pano. Varipo, vakomana vekwaMartin? Hama, Hama Martin. Makandifonera zuva riya, zvakanga zvakanaka. Mukomana akapodzwa, hama iya mushumiri.

<sup>64</sup> Uri pano here, uyo wandakanamatira, pafoni, zuva riya? Ndakanganwa zita rake, anobva zasi kuArkansas uko. Mudzimai wake akandifonera; murume uyu akanga akazvimba parutivi, achipisa muviri zvikuru, ave kufa. Murume mumwe chete akadanwa, zasi ku—kuLittle Rock, kana kuti kumusangano wekuHot Springs, agere mumusangano.

Uye murume anoratidzika zvakanaka. Kana ari pano, ndinofunga kuti haambosimuki zvino, zvachose. Asi ndakanganwa zita rake. Handisi kukwanisa kufunga zita rake. [Mumwe munhu anoti, “Hama Blair.”—Mupepeti.] Blair, Hama Blair. Mumwe munhu. . .

Zvakanaka, zvino, vagere mumusangano paLittle Rock, vangani vakanga varipo, ndinoreva kuti, paHot Springs, vangani vakanga vari pamusangano? Uye Mweya Mutsvene wakadana muchinda muduku uyu ndokumuudza kuti dhiyabhorosi akanga ari kuedza kumuita kuti andirambe, achiti ndaive “muporofita wenhema.” Uye murume wacho akapupura kuti chaive chokwadi. Munoono zvakanga zviri kuitwa nadhiyabhorosi? Murume uyu haaendi kuna vanachiremba. Haatendi mukuenda

kuna vanachiremba. Asi Satani aiziva kuti chirwere ichi chaizomubata, uye aizogona kumuuraya pakarepo. Maona? Saka aiedza kumuita kuti andirambe. Zvino Mweya Mutsvene, munyasha, wakamudana nokumuudza kuti asadaro; murume uyu, ari munhu wandisingazivi, ndokumudana kuti asadaro.

<sup>65</sup> Zvino umwe usiku, mudzimai wake akandifonera ndokuti, “Hama Branham, ndinotenda kuti ave kufa.” Ndokuti, “Aka—akazvimba kwese zvikuru. Uye, nokupisa kwemuviri, ave kutoda, kusangana musoro.” Zvino ndokuti, “Chinhu chokupedzisira chaataura ati, ‘Fonerai Hama Branham.’”

Ini ndikati, “Une chuinacho here, chikwama chako mune hengechepfu?”

“Kwete.” Ndaive ndiri muTucson; mudzimai uyu aive muArkansas.

Zvino ndikati, “Une chii zvacho?”

Akati, ndinotenda, “sikavha” yake.

Ndikati, “Zvino chiisa ruwoko rwako pasikavha, wobata foni nerumwe ruwoko rwako.” Zvino ndakanamata ndikakumbira Mwari kuti vave netsitsi uye nokuramba muvengi uyu.

<sup>66</sup> Zvino mudzimai akaenda akanoisa sikavha iyi pamurume uyu. Zvino mangwanani akatevera, murume akandifonera.

Zvino, mukati meangaita maawa makumi maviri nemana, kana mashoma pane iwayo.

<sup>67</sup> Hama yedu yakakosha, handisati ndati ndavaona manheru ano, Hama Roy Roberson. Uye pakarepo, munoziva, Hama Roy vakanga vari murume wemauto. Kana vari pano, ndi—ndinotarira kuti vanonzwisisa, nokuti ha—ha—handisi kuzviwanira mhosva izozvo. Asi zvinhu zvose zviri nemazvo chaimo, vakanga vari sajani muMauto, munoziva, uye unotofanira kutoita kunenge kujairira kubata vanhu sezvavanoita muMauto. “Zvakanaka, zvinhu zvemweya izvi ndezvevamwewo,” kwete ivo! Asi Ishe vakavachengetedza. Vangadai vakafa; vakavardzika vachiti vafa, kwenguva yakareba. Ishe vakavapodza; vakatevera kubvira panguva iyoyo. Asi zvinhu zvose izvi zvemweya, vakanga vasingazvizive, nezviratidzo.

<sup>68</sup> Uye pano nguva shoma yapfuura, vazhinji munoziva chiratidzo chakapiwa kuna Hama Roy ndisati ndatombienda ikoko, chokuti ivo vakandiona ndakamira pagomo ipapo, muChiedza, uye Inzwi richibva kwandiri. Zvakabvisa kupokana kwese kubva mune Hama Roy.

<sup>69</sup> Pane umwe usiku vakabatikana zvikuru kusvikira vakanga vave kurwara zvikuru, ndokupisa muviri zvakanyanya, nezvimwe. Zvino chiremba akanga avapa mushonga, zvose, zvino hapana chazvakabatsira. Uye vakasvika pokuti vakanga

vasisakwanise kana kuzvifambisa. Makumbo avo nezvimwe zvakaita, sokunge, zva-woma.

<sup>70</sup> Uye hama duku inonzwisa urombo yakapfurwa kuita zvimedu-zvimedu, nezvimedu zvesimbi kubva mueighty-eight, German eighty-eight. Uye zva—zvainge. . . Uye ndinofunga kuti vamwe veboka ravo vose vakauraiwa, kunze kwavo, zvino hevanoi vaputitswa kuita zvimedu-zvimedu.

<sup>71</sup> Zvino munoziva zvakaiteka? Ndakaudza mudzimai wavo anoremekedzwa, Hanzvadzi Roberson, kuti. . . Vakati. . . Ndikati, “Munei ipapo?”

<sup>72</sup> Vakati, “Ndine hengechepfu yamakambonamatira.”

<sup>73</sup> “Endai munoitora.” Zvino ndakange ndiri muTucson, ndokuisa ruwoko rwavo pairi, ndokunamata nokutsiura, ndokuti, “Hanzvadzi Roberson, zviri kuzopera.”

<sup>74</sup> Chimwe chinhu chakandiudza pakarepo, “Zviri kuzopera. Zvitaure!” Zvino mukati mehafu yeawa, kupisa kwemuviri kwakange kwapera; vakange vari mukicheni, vave kuvhima chimwe chinhu chokudya. Maona? Maona?

<sup>75</sup> Zvandi kuedza kutaura, “Usafe wakarasiwirwa neruvimbo rwako.” Usarega Satani achikuudza zvakaipa pamusoro pangu; nokuti, zvaka-wanda. Asi chengeta ruvimbo urwu; nokuti, ukasadaro, hazviitike. Usatarise kwandiri, semunhu; ndiri munhu, ndizere ndokukanganisa. Asi tarisa kune zvandi kutaura pamusoro paKe. NdiYe. Iye ndiYe wacho.

<sup>76</sup> Patainge tiri muColorado, munoona, patainge tiri kumusoro ikoko, takadzokera. Uye kwainge kwakaoma zvikuru. Mhuka dzesango dzaive dzichishaika. Hama Wheeler, Ishe vakavaropafadza nokuvapa mhuka ya—yakanaka, uye takafara zvikuru nokuda kwaizvozvo. Yaiva nguva yokutanga yavakambova musango vachivhima, uye Ishe vakavaropafadza. Uyezve ndakanga ndapfura mhuka huru iyo yandakanga ndatsvaka kwemakore makumi maviri, ndakanga ndichiitarisa, Hama Banks neni tanga tichiitsvaka kwenguva yakareba. Zvino pandakadaro. . . Ndichipfura nepfuti yangu zasi munyika yaipisa, nokuzoiunza kumusoro kunotonhora, zvaka-futisa mutanda wepapfuti, kunyange wakanga wakaiswa vhanishi. Zvino yakati potsei nemainchi akati kuti, ndokurova mhuka, yaive yakamira pakati pemiti, payaisafanira kunge yakairova; pazasi pachu, zvingadai zvakaiuraya zvine hunhu kamwe-kamwe. Asi yakairova padenga, iyo, ndokuchirika mudenga, sekunge yawa saizvozvo.

<sup>77</sup> Zvino Billy aiva neni, zvino akati, “Iro raipfura.” Uye ndakafunga kuti ndizvo zvarakanga raitawo, zvakare; asi patakaenda ikoko, zvakanga zvisina kudaro. Akati, “Marova muti.” Ndakatarisa ndichikwira kumusoro nekuzasi, pakanga pasina vanga pamuti. Zvino ndakaenda kunoitsvaga.

Uyezve pakauya chiratidzo chokuyambira. Kwaiva zvezmazvirokwazvo nevarume zana, kumusoro kwedu zvishoma. Uye Hama Palmer nevamwe vanozvipupurira. NeHama Evans, ndizvozvo, vaivepo; Hama Welch Evans nemukomana wavo, Ronnie. Ndinotenda ndavadoma, nguva shoma yapfuura. Uye boka guru revarume rakanga raenda kumusoro kwedu, uko kwavanoti cow camp kumusoro ikoko, uko kunogara macowboy pamwe nokutasva mabhiza, vachichengetedza mhovu dzakapatsanurwa. Ndaimbogara mumusasa iwoyi pachezvangu ndichifudza mombe idzodzo nokudzichengeta dzakapatsanurwa.

<sup>78</sup> Uyezve, saka, ikoko, kwaiva nevarume vangada kusvika zana. Asi munhu wose anoziva, munyika imomo, kana dutu rechando richinge rafanoziviswa kuti richauya, zviru nani kubva watobvako pakarepo. Ndosaka Hama Palmer nevamwe vakakasika kudzokera, nokuda kwekuti motokari yavo yaingova nemagiya matatu, zvino vaitofanirwa kubva imomo; nokuti, mamiriro ekunze, uri ikoko, unogona kuzogarako kwemasvondo. Saka vakati, “Kune dutu riri kuuya,” chiziviso chemamiriro ekunze aizouya, mapepanhau, redhiyo. Mitutu nemitutu yevanhu, chaizvoizvo vanhu vose kwakapoteredza kumusoro ikoko vakabvako. Vakanga vaenda, zvino, nokuti vaiziva kuti vaifanira kubva ikoko.

<sup>79</sup> Asi hama dzangu vakanga vaine marezinesi maviri enondo, zvino va—vakanga vasingadi kuenda. Saka nda—ndakati, “Zvakanaka, tichagara.” Asi ndaiva nemusanganano wakanga uri kuuya, mumazuva angaita matanhatu, zvino ndaifanirwa kudzokera kuTucson.

<sup>80</sup> Saka, mudzimai wangu, ini...ave makore makumi maviri nemaviri takawanana. Uye makore makumi maviri, pazuva regore remuchato wedu, ndainge ndiri kumusoro ikoko nguva dzose; zvaitika kuti ndainge ndiri ikoko. Saka ndi—ndine nzvimbo duku kwandinofamba ndichinonamata, uye yairatidzika senzvimbo yandakange ndaenda naye.

<sup>81</sup> Munoziva, ndakaita chimwe chinhu chinenge chiduku, munoziva, ndakanga ndisina mari yakakwana kuti ndiende kunovhima pamwe nokusasana shure kwemuchato, saka nda—nda—ndakatora mudzimai wangu kunovhima panguva yokusasana. Saka taive muNew York, uye ndinorangarira ndichimubatsira kudarika matanda nezvimwe, tichienda pane imwe nzvimbo. Zvino ndine kanzvimbo kadiki ikoko, ndinogara ndichifunga nezvake kana ndaendako pazuva redu remuchato. Gumiguru 23 ndipo panozarurwa mwaka ikoko. Uye, makore makumi maviri, handina kumbenge ndiri kumba, nguva dzose ndiri kumusoro ikoko.

<sup>82</sup> Saka zuva iroro raive zuva redu regore repatakachata. Uye Hama Mann...Ndikati, “Zvino kana imi hama...”

Ndakati, pamoto, mangwanani iwayo, “Zvino kana . . .” Usiku ihwohwo, waro. “Kana imi mose muri kuda kugara zvino, rangarirai, tinogona kuve muno kwemwedzi.” Nokuti ndakaona chando chakasvika mafiti makumi maviri chichidonha munguva shomanana, muusiku umwe. Zvokuti, unogona kubuda kunze uko, uye wakawoma zvakanaka; zvino mangwanani aizotevera, chando chakadzika sezvizi, pamusoro, pamwe nepamusoro petende renyu. Saka zvararo ndakati . . . Zvino unozogaro kusvikira chando chanyunguduka. Saka uri mamaera angaita gumi nemashanu kusvika makumi maviri uri mukati musango. Saka zvakararo ndakati . . . Kana zvikasvika pokuda rubatsiro zvechimbichimbi, saizvozvo, vanotumira maherikoputa kuti akuburitsei. Asi, kazhinji, vanongo . . . pasina ari kuparara, vanotozongomirira vari ikoko.

<sup>83</sup> Saka munhu wese anongodzvamuka paanongonzwa nhepfenyuro, chiziviso chemamiriro ekunze, waro. Saka takanga tiri seri ikoko, uye ndikati, “Zvino chinyatsosarudzai zvamunoda. Kana muri kuda kugara, ndiri pano kuti ndivhime nemi, zvino ndinozofonera mudzimai wangu ndomuudza kuti, ‘Mufaro weMuchato!’” Asi ndikati, “Zvino, muna izvozvo, neniwo, ndicha, ticha . . . Tichanotenga zvokudya, nokuti pamwe tingazogara muno.” Takanga tapererwa nechingwa panguva iyoyo. Uye handichadi kuona mapanikeke kwenguva yakareba, aya mapanikeke! Saka, zvino, ndakanga ndichiadya muCanada, kwemazuva angaita makumi maviri nerimwe, uye zvehokwadi ndakabva ndaaguta. Saka zvararo ndakanga ndichida kunotenga chingwa.

<sup>84</sup> Saka vakangoti vaida kugara. Saka pakanga pasina chokuita . . . kugara. Asi Hama Mann neni takabuda, zvino takaenda zasi ikoko ndikanotenga zokudya. Zvino ndakafonera mudzimai, uye foni haina kudairwa. Hapana akadaira; saka ndakamirira kuda kweawa kusvikira tatenga chikafu, ndokudzokera, ndokufona, haana kupindura. Zvino ndakatozofonera Hanzvadzi Evans.

Ndinotenda Hanzvadzi Evans vari muno. Zvino ndakaudza . . . Hongu, Hama Evans, Hanzvadzi Evans vari pano.

<sup>85</sup> Saka ndakafonera Hanzvadzi Evans, kuna Hama Evans, ndokuvataurira. Vakati, “Ndichafonera Hanzvadzi Branham ndovataurira.” “Mufaro weMuchato,” saizvozvo, munoziva. Saka, asi vakanga vaenda kunotenga, kutenga chikafu chevana.

Uye zvararo takadzoka. Zvino mangwanani akatevera, mudenga maive muzere makore. Kwakanga kusina kumbonaya matsutso wese, zvino kwakanga kwakanyatsooma. Uye vakanga varebesa mwaka wekuvhima, nemazuva mashoma, nokuda kwekuoma.

<sup>86</sup> Saka, ndakati kuhama mangwanani iwayo, “Zvino, donhwe rokutanga mvura ichitanga kunaya, chando chokutanga,

mazaya echando okutanga, chipi hacho, mhanyirai kumusasa nokukwanisa kwenyu kwese, nokuti mukati memaminitisi gumi nemashanu haukwanise kuona ruwoko rwako mberi kwako. Maona? Uye inenge ichimonyorora nokufuridza, uye handina basa kuti unoziva sei nyika iyoyo, u—uchagara ipapo, uye ugoparara. Nokuti pane dzimwe nguva unototadza kufema, mazaya echando achivuhvuta zvakadaro, uye, unofa pakarepo.” Zvino ndakati, “Painongotanga kunaya mazaya echando, imi mhanyirai kumusasa sokukwanisa kwenyu, handina basa kuti uri kupi.”

<sup>87</sup> Saka, ndakati, “Kwirai kumusoro uko munogara mumipata iyi, zvino ini ndichakwira kumusoro-soro ndokungurutsa mabwe nepamusoro pechikomo, nezvakadaro, ndotyisidzira nondo kuti dzibve kumusoro, ndodzidzingira zasi, imi mopfura dzamunoda.”

<sup>88</sup> Saka ndakatanga kukwira kumusoro, zvino panguva iyo pandakasvika apo patinoti, “the saddle,” imwe nzvimbo duku ikoko pandinowanzopfura nepo ndichienda kune nzvimbo inonzi “Quaker Knob,” chaipo paContinental Divide ipapo, kumusoro-soro. Zvino pandakange ndave kutosvika panzvimbo yegomo yakaderera zvishoma, iri . . . makore akange ave kuenda achiwedzera kusviba achisviba. Pakanga pasisina motokari yakanga yasara, kwaingori nesu kumusoro ikoko, sokuziva . . . uye nemucowboy mumusasa. Saka kwa—kwakawedzerwa kushata nokushata. Saka, mumaminitisi mashoma, kwakatanga kunaya. Saka, ndakatora pfuti yangu ndokuiisa mujasi rangu, kuitira kuti muchina wokuona kure usaita mhute, uye—uye kuti chitanda chepfuti chisatota; kana ndikasangana nechitsere kana chimwewo, ndichidzoka, saka nda—ndakabata muchina wokuona zviri kure saizvozvi ndokugara pasi pemuti sezvizvi, zvishoma. Zvino ndakagarapo, ndokunamata. Ndikati, “Ishe Mwari, Ndimi Jehovha Mukuru, uye ndinoKudai.”

<sup>89</sup> Zviitiko zvingani zvandakava nazvo! Ndakaraidza kuhama, Hama Palmer nevamwe, nzvimbo dzacho. Apo, chapungu, munoziva, ndakachiona chichisimuka zuva riya, munoziva, uye kuti . . . Ndidzo nzvimbo mazvakaitikira zvose imomo. Chinhu chinondibata moyo wangu, imomo. Ndakava nezviitiko zvikuru zvakawanda naIshe wangu, kumusoro mumakomo iwaya. Saka haukwanise kungoendako ugotadza kuMuona; Ari kwese-kwese.

<sup>90</sup> Saka zvino panda—ndakagarapo, zvino mazaya echando akatanga, uye mhengo ichimonyorora, saizvozvi. Zvino ndakati, “Zvakanaka, ndinoziva nzira yokudzika nayo, asi zviri nani ndibve pano izvozvi.” Saka ndakati . . .

<sup>91</sup> Ndakatarisa pasi, handina kana kumboona mujinga zvachose; aya makore achimhanya nokumonyoroka, uye mazaya

echando achivhuvhuta. Zvino herinoini iro, dutu! Rakafanotaurwa nezvaro kwemazuva akati kuti, “Dutu guru riri kuuya!”

<sup>92</sup> Hama Tom vari pano. Hama Tom Simpson, vakauya vachibva kuCanada, vakanzwa chiziviso chezvekunze ichi, vakayambirwa kuti vasapfuure nemativi iwayo enyika, nokuti chiziviso ichi chakati, “Kuchava nedutu.” Muripi, Hama Tom? Ndinofunga kuti, hongu, ipo pano chaipo. Zvino ivo . . . Dutu rakanga riri kuuya! Munhu wese akanga ari gadzirira.

<sup>93</sup> Saka, ndakadzose pfuti yangu pasi peshati yangu, sezvizvi, shati yangu tsvuku, ndokutanga kufamba ndichidzika negomo. Zvino pandakangotanga, ndakanga ndave kuva hafu yemaera kubva panzvimbo yakaderera; uye, o, zvangu ini, mazidhwe makuru echando, sezvizvi, uye mhope ichimonyoroka, pagomo iri, ichivhuvhuta. Ndakange ndisisaone pasi zvachose. Ndakange ndave kungoona kuda zvingaita mafiti makumi maviri pamberi pangu, kana makumi matatu. Uye ndaiziva kudzika neapa paduku, pataidaidza kuti, “a little hog back,” muhomba muduku, zvino woenda kukahova, zvino ndaizoziva kutevedza kahova, uye nekwekuzoenda, kana kwazoipisisa.

<sup>94</sup> Saka zvino ndakatanga kudzika pasi, ndokusvika nechepakati pacho, zvino Chimwe chinhu chakati kwandiri, zvakajeka sokundinzwa kwamuri kuita, “Mira, dzokera!”

<sup>95</sup> Saka, ndakafunga, “Ko ndanga ndiri kufunga nezvei? Zvichida pamwe dzinongori pfungwa dzangu.” Uye ndakatotadza kuita imwe nhano yokuenda mberi.

<sup>96</sup> David akanga andigadzirira sangweji mangwanani iwayo, uye ndakafunga kuti aida kutsiva kugadzirira kwandakamboitira baba vake imwe, pane imwe nguva, yehanyanisi nehuchi, ndizvo zvoga zvataiva nazvo. Saka akandigadzirira yenyama ine, o, handizivi zvose zvazvaiva, zvakaputirwa imomo! Zvino ndaive nayo mushati yangu, zvino yakanga yanyn’ata nemushati mangu. Ndakafunga, “Ndave kumbomira ndidye hangu iyi, uye zvichida ndicha . . . Zvichange zvanaka zvino.” Nokudaro ndakaburitsa sangweji iyi, nguva dzinenge ten o’clock, zvino ndokutanga kudya sangweji iya. Zvino pandainge ndichidya sangweji, ndakafunga, “Iye zvino ndichange ndave kunzwa zvakanaka.”

Ndakatangira kufamba ndichienda mberi, asi Chimwe chinhu chakati, “Dzokera kwawabva!”

<sup>97</sup> “Dzokera nemudutu iri, hafu yemaera kana kudarika kudzokera mugomo, mumiti mune rima?” Ikoko, kwawainge usingaoni kusvika pane ogani iyo! Asi ndave kuva mutana, uye ndave Mukristu zvino kwemakore makumi matatu nematatu; uye ndinoziva, zvisinei, kuti hazvinzwisisike zvakadini, teerera Ishe, ita zvinotaurwa naShe.

<sup>98</sup> Ndakatendeuka ndokudzokera paya paiva pakaderera, ndichitotsvanzvadzira nzira yangu pakudzokera. O, mazaya



echando akanga owedzera achiwedzera; kuchiwedzera kusviba kuchisviba. Zvino ndakagara pasi ipapo, zvino ndokungoisa jasi rangu mudenga sezvizvi, kana kuti shati pamusoro pemuchina wokuonesa zviri kure zvakare; ndokugara pasi. Ndakafunga, “Ko ndiri kuitei pano? Sei ndadzokera kumusoro kuno?”

<sup>99</sup> Zvino ndakamirira kwemaminitsi mashoma. Zvino ndakatanga kusimuka zvakare, uye zvakajeka sezvandingada kuti ndinzwe, Inzwi rakati, “Ndini musiki weDenga nyenika! Ndinogadzira mhopo nemvura inonaya.” Ndakabvisa nguwani yangu.

<sup>100</sup> Ndikati, “Jehovha Mukuru, ndiMi here?”

<sup>101</sup> Akati, “Ndini Uyo Akaita kuti mhopo dzimire pagungwa. Ndini Uyo Akaita kuti masaisai adzokere pasi. Ndakasika Denga nyenika. Handini here Uyo akakuudza kuti utaire kune dziya, kuti kuve netsindi, dzikavapo? Ndini Mwari.”

<sup>102</sup> Zvino, kana inzwi richitaura newe, tarira Gwaro. Kana risiri Mugwaro, iwe siyana naro; handina basa kuti rakajeka zvakadini, garira kure naro.

<sup>103</sup> Ndikati, “Hongu, Ishe.”

<sup>104</sup> Akati, “Taura kumhopo idzo nekudutu iri, zvino zvichabva zvaenda.” Zvino, Bhaibheri iri riri pamberi pangu, umo hupenyu hwangu huri maRiri.

<sup>105</sup> Ndakasimuka, ndikati, “Handipokane Inzwi reNyu, Ishe.” Ndikati, “Makore, chando, mvura iri kunaya, mazaya echando, ndiri kuramba kuuya kwenyu. NemuZita raJesu Kristu, dzokerai kunzvimbo dzenyu! Ndinoti zuva rinofanira kubuda izvozvi rigopenya kwemazuva mana, kusvikira nguva yedu yekuvhima yakwana uye ndozoenda nehama dzangu.”

<sup>106</sup> Kwakanga kuri kuvhuvhuta, ndokubva kwangoti, “Whoooooossh,” saizvozvo. Ndokubva zvatanga kuenda, zvichiti, “Whoosh,” zvino ndokuti, “whew, whew, whew, *whe*.” Ndokumira!

<sup>107</sup> Ndakaramba ndakamira saizvozvo. Hama dzangu kumusoro uko, vachitonetseka kuti chii chakanga chiri kuitika. Zvino mazaya echando, nemvura yainaya zvakamira. Kwakauya mhopo yaivhuvhuta ichidzika nemakomo, ndokusimudza makore, rimwe rakaenda *neuku*; kumabvazuva, kumawodzanyemba, kumadokero, nekuchamhembe. Zvino, mukati memaminitsi mashoma, zuva rakanga rave kupenya zvakana richidziya. Ichokwadi! Mwari vanoziva kuti ichokwadi!

<sup>108</sup> Ndakangomira ipapo, ndichingotarisa kwese-kwese; ndakabvisa nguwani yangu, ndakatarisa. Ini... Munoti... Ndakabatwa nechiveve, muviri wese.

<sup>109</sup> Ndakafunga, “Iye Mwari Musiki, zvose zviri mumawoko aKe. Chii chaAri kundiudza?”

<sup>110</sup> Zvino ndakasimudza pfuti yangu, ndokupukuta muchina wekuonesa zviri kure, ndokutanga kufamba ndichidzokera, ndichidzika chikomo. Zvino Chimwe chinhu chakati kwandiri, “Ko wadini wafamba neNi nemurenje rino, famba neNi?”

<sup>111</sup> Ndikati, “Hongu, Ishe, nemoyo wangu wose; chingava chimwe chezvinhu zvikurusa chandingaita, kufamba neMi.” Saka ndakaisa pfuti yangu papfudzi rangu, zvino ndokutanga kufamba naimomo; hapana kana demo rakamboshandiswa imomo, gombo resango, ndichifamba naimomo.

<sup>112</sup> Zvino pandakadaro, ndichifamba ndichienda, ndichidzika netunzira twemhuka, ndakanzwa sokuti, “Ndinotenda regai ndiende kunzvimbo uko...nezuro rakanga riri zuva regore patakachata, zvino ndichamirapo kwemaminitsi mashoma; kakungopa ruremekedzo kuna Meda, apo pane zvimiti-miti, kumusoro pane kamwe kachikomo.” Uye ndakati, “Ndinotenda ndichangofamba kuenda ikoko, sekupa ruremekedzo kuzuva ratakachata. Zvadaro ndinozodzokera ndichidzika nerimwe divi iri, mumiti iyi mune rima, ndombofamba-famba, ndozopoterera neuko, ndakananga kuCorral Peaks, ndozodzoka ndichidzika neuko.” Ndichingofamba ndichipembera.

<sup>113</sup> Ndainge ndichiti, “Baba, ndinoziva kuti muri kufamba neni. Uye mukana wakadini; hapana mumwe mukuruzveba wandinogona kunge ndiri kufamba naye; Mwari chaiye!” Uye zuva riya raine riri kudziya!

<sup>114</sup> Kusvikira apo pandakabva mumakomo. Ndakamira panzvimbo dzinodirwa peturu, zvino ndokuti, “Izuva rakanaka!” Mazuva matatu akatevera. Hakuna kumbonaya munharaunda dzenyika iyoyo kusvikira mazuva mana apfuura. Zuva raipenya mazuva ose. Ndizvozvo here, hama? [Hama dzinoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona? Uye pasina kana gore mudenga.

<sup>115</sup> Zvino ndakasvika pane panzvimbo inodirwa peturu, ndikati, “Zvirokwazvo izuva rakanaka.”

“Hongu, ndizvozvo!”

Ndikati, “Kwanga kwakazooma.”

<sup>116</sup> Ndokuti, “Chinhu chinoshamisa!” Uyu mudiri wepeturu akadaro, akati, “Munoziva, vakatiudza kuti takanga tiri kuzowana dutu guru, asi kamwe-kamwe rakabva ramira!”

<sup>117</sup> Ndakauya zasi, kumuganhu weNew Mexico. Billy neni, mwanakomana wangu, takaenda mune imwe nzvimbo duku imomo kuti tinowana zvimwe...mangwanani atakasimuka, zvino ndokuti, “Zvirokwazvo izuva rakanaka.”

“Hongu, ndizvozvo!”

Ndikati, “Zvinoratidzika kuti kwanga kwakanyatsooma.”

“Hongu, ndizvo zvakwanga kuri!”

Ndikati, “Uri wekuno here?”

118 Akati, “Kwete, ndinobva kuWisconsin,” kanawo kumwe. Akati, “Ndagara kuno kwemakore angaita makumi maviri, saka unogona kukuti kumusha.”

119 Ndikati, “Uri mugari wekuno zvino, ndingadaro.” Saka ndakati, “Hongu, changamire,” ndikati, “zvinoratidzika sokunge kwanga kuine guruva rakawanda.”

120 Ndokuti, “Munoziva, pane chinhu chakashamisa zvikuru chakaitika!” Ndokuti, “Takanga tafanoudzwa kuti takanga tichazova nedutu, chando chakawanda; uye zvikatotanga, ndokubva zvamira!”

121 Ini ndikati, “Haureve kudaro,” apa ndakanyatsodzikama.

122 Zvino ndakasvika kumba. Zvino Hama Tom vakati vakanga vaudzwa kuti vasaende naikoko, kwaive kuine dutu. Zvino vakanyatsouya nemunyika imomo, pasina kana donhwe remvura inonaya kana chii zvacho! Vachiri Mwari, munoono, sezvaVakangogara vari. Maona?

123 Ndichifamba kumusoro ikoko, ndakanga ndichienda hangu...Zvino, chikamu ichi, ndinotarisisira kuti mudzimai wangu haawane tepi ino. Maona? Asi ndiri kuzokudzai chimwe chinhu. Uye, zvino, ha—handikuudzei...Ndichangokuudzai Chokwadi, munoono, uye ndiyo nzira yoga yokuzviita. Ndaiwanzonetseka kuti sei akanga asinganyunyute nokuenda kwangu panzendo idzi pazuva regore remuchato wedu. Munoziva zvandakanga ndafunga mupfungwa dzangu? Ndakati, “Pane vanhu vakawanda vanenge vari pamba. Uyezve ini nguva dzose, munoziva, ndinohuta-huta. Uye zvose zvandinotaura, zvandinoda kutaura nezvazvo, ndiMwari, Bhaibheri, kanawo zvimwe. Zvichida anofunga kuti izororo duku kwaari. Anondiendesa kwemazuva mashoma, kunovhima.” Ini, ndisiri kuzvifunga zvizere, ndichifamba hangu ikoko.

124 Kutu, ndi...ini, ndichamukumbira ruregerero, uye ndaka—ndikakumbira Mwari kuti vandiregerere pfungwa dzakadaro. Nokuti, ndakanga ndiri kufamba ikoko, ndikafunga, “Saka, anofunga...Zvakanaka, imi wee! Iye, mudzimai mushandi, munoziva, uye—uye nguva dzose paanenge ari mukicheni kana kumwewo kunze mu...”

125 Uye kuna ani anomuziva, muchina uya wokusuka mbatya unenge uchishanda nguva dzose. Zvino ndinoendako, ndonomudhonza; ndikati, “Usawacha zvakadaro. Taura neni. Unoono, ndinokuda. Ndinoda kuti undiudze zvimwe zvinhu; ndiudze kuti unodarowo, zvakare.”

126 Iye ndokuti, “Ko, unoziva kuti ndinokuda,” zvino oenderera mberi nokuwacha zvakaomarara sezvaanga achingoita.

127 “Handidi kuti udaro. Ndinoda kuti uuye muno uogara pasi pandiri.”

128 “O, Bill, ndine basa rakawanda rokuita!”

129 Zvino ndakafunga, “Saka, munoona, kuenda kumusoro kuno, anowana nguva yokuita basa rake.” Ndichifamba ikoko, ndichifunga izvozvo.

Zvino, rangarirai, ndaisa Bhaibheri iri apo kuitira kuti muone kuti ndimire mberi kweShoko.

Pandainge ndiri kufamba, pane chimwe chinhu chakaitika kwandiri. Ndakatanga . . .

130 Kutanga, ndaifunga nezveapo pandakamutora kunosasana mushure momuchato kumusoro uko. Aive musikana tsvarakadenga, muduku, aive nevhudzi dema, aine maziso ebhurauni, zvino ndaimusimudza nepamusoro pematanda, munoziva, nezvose, ndichiedza kumusvitsa kumusoro ikoko, panzvimbo iyo yandakambouraya chitsere. Ndaida kumuratidza chimwe, uye nokudaro . . . kwandakawana zvitsere izvi. Zvino akanga akapfeka njombo dzangu dzemacowboy. Uye ave makore anenge makumi maviri nemaviri, kana makumi maviri nerimwe shure kwacho; makore makumi maviri nemaviri, ndinotenda ndizvo, akapfuura. Takachata muna 1941. Zvino ndainge ndiri kumusimudza, munoziva, nepamusoro pematanda aya.

131 Zvino ndakafunga, “Zvino, munhu muduku anonzwise tsitsi, achitsungirira neni, akanga acheni musoro.” Hongu. Ndakafunga, “Zvakanaka,” zvino ndakaenda . . . [Hama Branham vanogadzira pahuro pavo—Mupepeti.] Uye ndakange ndisina kunge ndagera ndebvu kwemazuva mashoma, zvino ndakaona kuti ndave kuchenawomvi, zvakare! Zvino ndakaona ndebvu dzangu dzakabuda kunze neapa, dzakachena, zvino ndikafunga, “Mukweguru, wapera basa zvino. Unoona, iwe, kana paine zvauchaita, chitokurumidza. Wave kachemberawo, zvakare.” Maona?

132 Saka pandakafamba saizvozvo, chimwe chinhu chakaitika. Kamwe-kamwe, pamafambiro ose, maitiro, ndakanga ndave mukomana, ndikafunga semukomana. Zvino ndakanga ndakatsikitsira musoro wangu pasi, zvino ndakatarisa mudenga. Uye zvakajeka semaonero andakamuita, heunoi uyo akamira mberi kwangu akatambanudza mawoko ake kunze. Zvino ndakamira; ndokupukuta kumeso kwangu. Ndakatarisa. Ndikati, “Meda, ndiwe here, Mudiwa?”

133 Ndakatarisa pano, ndikafunga, “Zvino chii chaitika?” Uye ndakafunga, “Hongu, ndiri kufamba naYe.” Zvino zvakashanduka zvino, ndakanga ndadzoka kuva mukweguru zvakare, zvino chiratidzo chakanga chabva pamberi pangu.

134 Zvino ndakamira; ndakabvisa nguwani yangu zvakare, ndokuiisa pamoyo wangu. Ndikati, “Jesu, moyo wangu wanga wakaremerwa zvikuru, kwemakore. Handifanirwe kuKuudzai kuti ndakaremerwa. Ndakatendeuka, ndakatendeuka, ndakaita zvose zvandinoziva. Zvino sei mutoro uyu usiri kubva pandiri?”

135 Zvino ndakatanga kufamba ndichienda. Zvino pandakakwira kachikomo aka, zvinenge mayadhi anenge makumi matatu, mayadhi makumi mana pamberi pangu; ndakatanga kukwira kachikomo aka, ndakatanga kunzwa kurukutika zvikuru. Zvino pakanga paine muquaking asp muduku, wakakora mainchi gumi, pawakabuda wakaita chinenge L, zvino ndokuenda mudenga zvakare. Zvino pandakangosvika ipapo, ndakanzwa kurukutika zvikuru ndakange ndave kudzadzarika. Saka ndakango. . .Ndakapfeka kepisi yangu zvakare. Zvino ndakangozendamisa musoro wangu pane iwoyo; ukanyatsondikwanira nemazvo, kuisa musoro wangu pane uyu muquaking asp muduku, sezvizvi. Chaizvoizvo mupoplar. Wakafanana, unoratidzika semubirch, munoono. Uye waka. . .Ndainge ndakazembera ipapa. Zvino ndakanga ndakamira ipapo ndakakotamisa musoro wangu, zuva riya raidziya raindirova kumusana. Uye ndikafunga, “Mwari chaiye, adzinga mvura iya inonaya nemhepo iya!”

136 Ndakanzwa chimwe chinhu chichiti, “do, do, do.”

137 Ndakafunga, “Chiiko icho? Mvura yakanga yapupurutsa yose. Zuva raive rabuda. Chii chati do apo?” Ndakatarisa pasi; yakanga iri mvura yaibva mumaziso angu, yaifamba ichidzika nemundebvu dzachena ichidonhera pamashizha akawoma ayo akanga awomeswa naMwari, arere mberi kwangu. Ndakangomira ipapo sezvizvi, ndakangozendamira muti. Ruwoko rwangu, *urwu* ruwoko rwuri pasi, musoro wangu wakazendamira muti, ruwoko rwangu rwuri pabhanire repfuti, sezvizvi, ndakamira ipapo, ndichichema.

138 Ndikati, “Mwari, handikodzeri kuva muranda weNyu.” Uye ndikati, “Ini, ndine urombo, nda—ndakaita. . .Ndakakanganisa zvakanwanda. Ndakanga ndisingadi kukanganisa, Ishe. Manga makandinakira zvikuru.”

139 Meso angu akavhara; zvino ndakanzwa chimwe chinhu chichiti, “pfocho, pfocho; pfocho, pfocho.”

140 Ndakasimudza meso angu, zvino kwakauya nondo nhatu dzikanyatsomira mberi kwangu. Zvino ndakafunga, “Heyo iyo yeHama Evans, yeHama Woods. Zvino pane nondo nhatu, munoono, chaidzo dzandiri kutsvaka.” Zvino, mvura yokunaya yakanga yawoma; ndakasveverera kuti nditore pfuti yangu. Ndikati, “Handikwanise kuita zvakadaro. Ndakavimbisa Mwari kuti handichazviiti.” Maona? “NdakaMuvimbisa kuti handizozviiti.”

141 Zvino chimwe chinhu chakati kwandiri, “Asi heyoka iyo!”

142 Uye ndakafunga, “Hongu, Sa- . . .Ndizvo izvo mu—mumwe munhu akaudza Dhavhidha, pane imwe nguva, ‘Mwari vamuisa, ndikati, mumawoko ako!’” Munoziva, Mambo Sauro.

143 Zvino Joabhi akamuudza, achiti, “Muuraye! Uyo arere apo!”

144 Zvino iye akati, “Mwari havatenderi kuti ndibate muzodziwa waVo.”

145 Zvino nondo dziya dzakamira apo ndokunditarisa. Zvino ndakafunga, “Hadzigone kutiza. Hapana nzira yokuti dzingatiza. Hadzisi mayadhi makumi matatu kubva pandiri. Uye ndine pfuti iyi, ndimire pano, zvino apo pane nondo nhatu. Kwete, handikwanise kuzviita. Ha—handingakwanise kuzviita.” Yaiva nondo hadzi nezvivana zvayo zviviri zvikuru. Saka ha—ha—handina kukwanisa kutora pfuti. Ndikati, “Handikwanise.” Ha—handina kumbotsukunyuka. Ndakaramba ndiri ipapo. Ndikati, “Handikwanise kuzviita, nokuti ndakavimbisa Mwari kuti handizozviiti. Kunyange, hama idzi, ha—havadi nondo idzi. Maona? Ha—handikwanise kuzviita. Handitombokwanisi kuzviita.”

146 Zvino amai nondo vaya vakauya, ndokufamba. Zvino teerera, kwakanga kwambove nezana revarume vakanga vachidzipfura kumusoro ikoko, kwemazuva mana kana mashanu. Zvinotyisa? Chiratidzo chokutanga chechinhu chitsvuku...Zvino ndakange ndakapfeka shati tsvuku, kepisi tsvuku. Chiratidzo chokutanga, dzinenge dzatotiza; asi dzakanga dzakamira ipapo, dzose dziri nhatu, dzakanyatsonditarisa.

147 Ndikati, “Amal, torai vana venyu muende navo musango. Muri mumawoko angu. Ini... Upenyu hwenyu huri mumawoko angu, asi handisi kuzokukuvadza. Ndakavimbisa Mwari kuti handizodaro.” Maona? Zvino yakafamba ichiswedera pedyo. Yaibva yanditarisa. Dzose dzakafamba dzichiswedera pedyo, kusvikira dzakasvika pedyo pokuti dzaitokwanisa kudya kubva mumawoko angu, potse-potse. Idzo, zvino mhengo yaivhuvhuta ichienda kwadziri. Saka yakatendeuka, ndokufamba ichidzokera zvisvoma, dzose dziri nhatu.

148 Zvino heyo yadzoka zvakare, ndokufamba kusvika pandiri. Handina kana kumbotsukunyuka; ndakaramba ndimirepo. Ndikati, “Pfuurirai muende mumasango; ndinoafarirawo, zvakare. Raramai! Munoono, upenyu hwenyu huri mumawoko angu, asi ndichakuregai makadaro. Hamaimbogona kutiza. Munoziva kuti hamaigona.” Ndinokwanisa kuuraya dzose dziri nhatu kuda musekondi imwe chete, masekondi matatu, zvakadaro, zvinoenderana nokukasika kwandinoita kupfura nepfuti; zvino hadzaimbokwanisa kutiza, dzakamira chaipo pandakange ndiri. Maona? Zvino ndakati, “Ndakuregerera. Endai mberi, raramai.” Zvino ndakamira ipapo. Dzakaenda dzichifamba, ndokupinda musango.

149 Ndakapukuta kumeso kwangu sezvizi, zvino ipapo chimwe chinhu chakaitika. Inzwi rakataura, rakajeka, kubva mumatenga eblue, kusina gore. Zvose zvakaitika mukati

munenge...munguva shomanana. Zvino Inzwi rakataura, ndokuti, “Warangarira vimbiso yako, hauna here?”

<sup>150</sup> Ndikati, “Hongu, Ishe.”

<sup>151</sup> Akati, “Ndicharangarira yaNguwo, zvakare. ‘Handife ndakakusiya kana kukurega wakadaro.’” Mutoro wakabva pamoyo wangu. Hauna kuzombovapo kubvira ipapo; dai ukasazovapozve.

<sup>152</sup> Zvino ndakauya kuTucson. Chinhu chinoshamisa, handina kumbova nezvakanwanda zvakadaro zvichiitika, kubvira ndakadzika kuno. Ndi—ndinotenda kuti ndiMwari vakanga vazvichengetera nguva iyoyo. Ndinotenda kuti nguva zvino yasvika, kuti chimwe chinhu chiiitike.

<sup>153</sup> Dai tikangokwanisa kugamuchira Chokwadi ichi! Iye zvino kwenguva shomanani. Dai tikangokwanisa kucherechedza zvinorehwa neGwaro iri, “Uyo ari mamuri mukuru kupfuura uyo ari munyika.” Hatikwanise kuRinzwisisa, asi tinoti tinoRitenda. Uye tinoziva kuti ndezvechokwadi, asi chaizvo hatiRinzwisise.

*... uyo ari mamuri mukuru, kupfuura uyo ari munyika.*

Chii chiri mauri, chiri chikuru? NdiKristu, muzodziwa! Mwari, vaiva muna Kristu, ari mauri. “Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.”

<sup>154</sup> Zvino kana Ari mauri, hauchisiri iwe unorarama, ndiYe anorarama mauri. Maona? Handi kufunga kwako, zvaungafunga pamusoro peIzvi; ndeizvo zvaAkataura pamusoro peIzvi. Maona? Zvadaro, kana Ari mauri, haAzomborambi zvachose zvaAkataura. HaAkwanise kuzviita. Asi Anochengetedza zvaAkataura, uye ari kuedza kutsvaga munhu uyo munhu waAnokwanisa kuZvisimbisa nemaari.

<sup>155</sup> Iye zvino, izvozvo hazvireve kuti Anofanira kuzviita kune munhu wese. Munguva iyo Mosesi akatungamirira vana veIsraeri, paiva nomumwe chete, aiva Mosesi. Vamwe vose vaingotevera Mharidzo. Maona? Vamwe vavo vakaedza kusimuka vachizvitevedzera, zvino Mwari vakati, “Zvipatsanure pachako,” ndokubva angovamedza. Maona? Maona?

<sup>156</sup> Iye zvino, asi, “Uyo ari mamuri mukuru kupfuura uyo ari munyika,” Mwari mauri, sezvaAiva muna Jesu Kristu. Nokuti, zvose zvaiva Mwari, Akazvidururira muna Kristu; uye zvose zvaiva Kristu, Akazvidururira muKereke. Munoono, ndiMwari vari mauri, “Uyo ari mauri.”

<sup>157</sup> Ndosaka mhengo nemasaisai zvakaMuteerera, zvakateerera maShoko aKe; zvakateerera maShoko aKe, nokuti Raive Shoko raMwari nemaAri. Iye aive Munhu; asi Aive Shoko, rakaitwa nyama. Maona? Zvino paAkataura, aive Mwari achitaura nemuromo wemunhu. Maona? Ndosaka mhengo

nemasaisai. . . Musiki wacho chaiye, akasika mhupo nemasaisai, aiva maAri. Zvino, pafunge ipapo! Funga zvakadzama zvino, ndisati ndasvika panguva yekuvhara. Ndosaka madhimoni aisungwa neShoko raKe! Aive Mwari maAri. Aiva Mwari muna Kristu. Madhimoni akasungwa. Ndosaka vakafa, vakanga vave kushanduka vave kudzokera kuva guruva, havana kuramba varerepo, paShoko raKe! Nokuti, Aive Shoko.

Akati kuna Razaro, mushure mokunge afa ave kunhuwa, mazuva mana; chiso chake, mhuno, zvakanga zvawira mukati, munguva iyoyi. “Razaro, buda!” Zvino munhu, akafa, akasimuka netsoka dzake. Sei? Vaive Mwari. Uyo akanga ari muna Kristu aiva Mwari. Vakafa havaikwanisa kumira muHupo hwaKe. Aive Mwari muna Kristu.

<sup>158</sup> Mhupo, zvino, rangarirai, Mwari vakasika mhupo; mweya. Mwari vakasika masaisai; imvura. Asi dhiyabhorosi paakapinda mazviri, akazviita kuti zvitambe-tambe, kuti zviunze kuparadzwa. Mwari vakasika vanhu, kuti vave vanakomana vaMwari, asi kana dhiyabhorosi apinda mavari, munoona, idambudziko. Zvino, akanga ari dhiyabhorosi akanga apinda mumhupo dzakatumira dutu riya. Ko haaikwanisa here Musiki, akasika mhupo, kuti, “Dzokera kwandakakusikira”?

Handiye here Musiki mumwe chete aive akamira pachikomo cheColorado nezuva riya? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona?

Handiye here Mumwe chete aikwanisa kutora chimedu chehove ochimedura, uye chimwe chimedu chokura ipapo? Haaifanirwa hake kuita nenzira iyoyo. Aigona kunge akaitaura.

Handiye here Musiki mumwe chete akasika tsindi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, Uyo aive muna Kristu ave matiri, munoona, nokuti Zvinoita mabasa mamwe chete aAkaita, zvinhu zvimwe chete.

Vakafa havaikwanisa kumira muHupo hwaKe, paShoko raKe.

<sup>159</sup> Tarirai, tine matsamba mashanu akasimbiswa, evanhu “vakafa,” zvino Mwari vachipa chiratidzo, nokuenda kwavari nokunovamutsa zvakare. Hepanoi pagere mumwe, ipo pano zvino, akafira ipapo paagere ipapo. Zvino heuno ari pano mupenyu, manheru ano; moyo wake wakakomoka. Mudzimai wake uyo ari apo, mukoti. Takadzikako; zvose zvakanga zvaenda, maziso ake akanga atarisa shure, pasisina. Uyu ari pano, mupenyu. “Nokuti mukuru Ari *muno*, ari matiri, kupfuura uyo ari munyika!” Maona?

<sup>160</sup> Mukuru Uyo! NdiMwari, Musiki! Mhupo nemasaisai zvakatoMuteerera. Madhimoni anosungwa. Zvisikwa zvose zvaiMuteerera, nokuti ndiYe aiva Musiki wezvisikwa. O, patinofunga zvakadaro, zvinobvisa kutyisa kwese. Zvino tinonzwisisa zvinhu izvi, munoona. Chii? Haasi munhu. Munhu



haakwanise kuita zvakadaro; munhu chikamu chezvisikwa. Maona? Asi imhepo nemasaisai zvinoteerera Musiki. Maona?

Uye zvinotora Musiki kuzviita, “Nokuti Uyo ari mamuri mukuru kupfuura uyo ari munyika.” Uyo anokonzera kuti pave nemhirizhonga, ndiye uyo ari munyika. Uyo ari mauri, ndiye Musiki, akagadzira mhepo. Anokwanisa kutsiura dhiyabhorosi kubva mumhepo, uye pova nerunyararo. Anokwanisa kutsiura dhiyabhorosi kubva mudutu, zvino dutu robva rapera. Ndiye Musiki. “Uye mukuru Uyo Ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” Maona?

<sup>161</sup> Dhiyabhorosi ndewenyika. Nyika yanga iri yake. Yagara iri yake. “Ko wawa seiko, O Rusiferi, mwanakomana wamambakwedza?” Munoono, nyika ino yanga iri yake. Ndipo apo iye, akadzingwa kubva Kudenga, akadzoka kwairi. Maona?

<sup>162</sup> Ndiye akati kuna Kristu, “Humambo hwese ndewangu, ndinoita nahwo zvandinoda.” Hwose ndehwake, uye ndiye uyo “ari munyika.”

<sup>163</sup> Johane akange achangobva kuudza vadzidzi, “Makanzwa nezvaantikristu ari kuuya, uye atori pano kare ari kushanda ari movana vokusateerera. Asi, vana vaduku, hamusi venyika ino. Muri vaMwari. Uye mukuru Ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” NdiKristu mamuri!

<sup>164</sup> Uyo a—akasika matenga nenyika, akaratidzwa muMunhu waJesu Kristu; Mwari muna Kristu, achiyananisa nyika kwaAri.

Ngatiti unoti, “Uyo akanga ari Mwanakomana waMwari, saizvozvo, Hama Branham.” Zvakanaka, ngationei kana Ari Mwari wemuna Ziendanakuenda, nokusingaperi.

<sup>165</sup> Mukuru Uyo akanga ari muna Joshuwa, kupfuura zuva. Uye Joshuwa aiva munhu, akaberekerwa muzvivi, sewe neni. Zvino mukuru Uyo aiva muna Joshuwa, nemuzuva raimhanyiswa nomurairo waMwari. Mwari vakaraira zuva kuti ripenye nokuzvitenderedza, zvino rinotongwa nokutungamirirwa nemitemo yaMwari. Asi mukuru Aiva muna Joshuwa, kupfuura mitemo yaMwari; nokuti Musiki, pachaKe, aiva muna Joshuwa apo Joshuwa akatarisa kune zuva akati, “Iwe mira ipapo pauri. Uye, kwedzi, iwe ramba wakaremba uri pauri ipapo, kusvikira ndapedza hondo iyi.” Zvino zuva nemwedzi zvakamuteerera, nokuti Uyo akanga ari muna Joshuwa aive mukuru kudarika zu—zuva nemwedzi. Uyo aiva muna Joshuwa!

<sup>166</sup> Uyo akanga ari muna Mosesi, akanga ari mukuru kudarika Egipita. Egipita yaiva nematico makuru panyika, vakanga vakunda nyika yose panguva iyoyo. Asi mukuru Uyo akanga ari muna Mosesi, kupfuura zvaiva Egipita, nokuti Mosesi akakunda Egipita. Mukuru Uyo akanga ari muna Mosesi, kupfuura zvisikwa pachezvazvo. Makambozvifunga here kuti Mwari vakatora Shoko raVo ndokuRipa kuna Mosesi, uye ndokuti, “Enda kunze uko unoraira kuti zuva risapenya”? Zvino

zuva rakasviba zvikuru! Ndizvozvo here? Anokwanisa kuita kuti zuva ripenye uye kuti makore adzokere, kana kuti Anokwanisa kuita kuti zuva rive dema. Iye ndiMwari; Anokwanisa kuita zvose zvaAnoda, uye Ari mumwana anotenda! Ameni. Ndizvo.

<sup>167</sup> Pakanga pasina kana nhata yaioneka. Yaigona kunge iri nguva yechando, hakuna nhunzi, asi Mwari vakati kuna Mosesi, “Enda unotaura maShoko aNgu, uye ndichaisa mupfungwa dzako zvokutaura. Zvino iwe chienda kunze ikoko ugotora ivhu kubva pasi, worikandira mudenga mumhepo, guruva.”

<sup>168</sup> Uye ndokuti, “Ngakuve nenhata!” Zvino nhata dzakanga dzichinanaira zvakadzika mainchi akati kuti, kwese pasi pose, mumaawa mashoma. Ndizvozvo here? Musiki!

<sup>169</sup> Pakanga pasina kana matatya, saka akatambanudza tsvimbo yake ndokuti, “Ngakuve nematatya!” Zvino akanga ave kwese-kwese, akaita matutu, kusvikira nyika yose yakange yave kunhuwa. Ndizvo here?

<sup>170</sup> Paakasvika paGungwa Dzvuku uye raive munzira yake, Mwari vakati, “Taura kugungwa.” Zvino Mosesi akataura negungwa; zvino mukuru Uyo aiva muna Mosesi, kupfuura iro gungwa pacharo. Ndizvozvo here? O, zvangu ini! Zvino, munoono, mukuru Uyo akanga ari muna Mosesi, kupfuura uyo ari munyika. Mukuru Uyo akanga ari muna Mosesi, kupfuura zvisikwa zvose zviri panyika. Akaraira zvisikwa. Pane zvose zvaaiudzwa naMwari kuti ataure, akazvitaura, uye ndiyo nzira yazvakavewo.

<sup>171</sup> Mwari mumwe chete iyeye anesu manheru ano! Kwete kungova nesu bedzi, asi ari matiri! Akazviratidza kuti Ari matiri. “Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” Ko tiri kutyei, nyika?

<sup>172</sup> Pano nerimwe zuva vakawana ra—rakaita sezino re dhainosa, kumusoro kuno kwakapoteredza...Ndinofunga makanzwa nezvazvo; kuno kumusoro kumaNiagara Falls. Ndokuti, “Rairema mapaundi matanhatu.” Ndaifunga kuti vakanga vachazoti rakabva pamunhu, asi ndi—ndinofunga kuti pakupedzisira vakariti ndere imwe mhuka yakare-kare. Mhuka idzodzo dzinogona kunge pane imwe nguva dzakamborarama panyika. Dziripiko zvino?

Munoziva here, Mwari Samasimba vanogona kuraira madhainosa kuti auye panyika ino, muawa inotevera anogona kunge akadzika mamaera makumi mana? Munoziva, Mwari vanogona kuparadza nyika ino nenhata? Anogona kudana nhata. Ko dzinoenda kupi padzinofa? Chii chinoitika kunhunzi? Chii chinoitika kumhashu? Nguva yechando inouya, kotonhora kusvika forty pasi pezero; uye, enda munguva yepfumvudza inotevera, mhashu dzinenge dzizere kwese-kwese. Dzakabvepi? Iye Musiki anotaura zvichivapo! NdiMwari! Zvisikwa zvinoteerera Shoko raKe.

173 Panofarisa vazhinji vehama dzedu, vanowana pfungwa yokuti Mwari avati vaite zvimwe zvinhu, zvino voti ZVANZI NAJEHOVHA izvo zvisiri izvo. Ndosaka zvisingaitike.

Asi kana vari Mwari vari kunyatsokuudza, zvinofanira kuitika, zvinofanira kuva saizvozvo. Maona? Kana Mwari vazviture, zvinofanira kuva saizvozvo.

174 Mukuru Uyo aiva muna Mosesi, kupfuura uyo aiva muEgipita. Mukuru Uyo aiva muna Mosesi, kupfuura zvose zvaikwanisa kuitwa naFarao, ose mapipi ake. Mukuru Uyo akanga ari muna Mosesi, kupfuura uyo akanga ari mun'anga. Maona? Mukuru Uyo aiva muna Mosesi, kupfuura zvisikwa zvose.

175 Mukuru! Uyo aiva muna Dhaniere aiva mukuru kudarika shumba. Aigona kumisa shumba dzaive nenzara. Saka chinhu chinokwanisa kumisa chimwe, chikuru kune icho chaanenge amisa. Saka shumba dzakamhanyira, dziine nzara, kuti dzidye Dhaniere; zvino mukuru Uyo aiva muna Dhaniere, kupfuura uyo aiva mushumba.

176 Zvino, shumba payakasikwa pakutanga, yaiva shamwari yomunhu. Ndidhiyabhorosi anoita kuti idaro. Ndizvozvo. MuMireniyamu, mhumhi negwayana zvichadya pamwe chete, uye shumba ichadya uswa senzombe, uye icharara pamwe chete nenzombe. Hazvikuvadzi kana kuparadza muMireniyamu. Dhiyabhorosi anenge aenda. Ndidhiyabhorosi anoita kuti mhuka dzesango dzitsemure nokubvarura nokudya, nezvinhu zvakadaro, maitiro adzinoita. NdiSatani anozviita. Asi mukuru Uyo aiva muna Dhaniere, kupfuura uyo aiva mushumba. Maona? Mukuru Uyo aiva mumuporofita uyu, kupfuura uyo waiva mushumba.

177 Mukuru Uyo aiva movana vechiHebheru, mukuru Uyo akanga ari mavari, kupfuura uyo aiva mumoto. Nokuti vakakandirwa mumoto; uye Uyo akanga ari mavari, akanga ainavo, akachengetedza moto kuti usavapise apo biravira rakaitwa kuti ripise zvapaketwa kanomwe kudarika mapisiro arakange rati rambotwa, kupisa. Ndizvozvo? Mukuru Uyo akanga ari movana vechiHebheru, kupfuura uyo akanga ari munyika.

178 Heunoi uyo Nebhukadnezari agere, kana Bherteshazari. Nebhukadnezari, ndinotenda kuti ndiye, akaitisa kuti biravira ripisiswe kakapetwa kanomwe kudarika zvarakambova. Akafemerwa nadhiyabhorosi, kutora vanhu ava, nokuti vaimira neShoko raMwari; ndokuvakandira mubiravira iri, raipisa zvapaketwa kanomwe kudarika zvaraiva, uye harina kukwanisa kuvapisa. Nokuti mukuru Uyo akanga ari muna Shadraki, Meshaki, naAbhedhinego, kupfuura uyo ari munyika. Chaizvoizvo! O, zvangu ini!

<sup>179</sup> Mukuru Uyo akanga ari muna Eriya, kupfuura matenga akatsvuka sendarira, nokuti aigona kuunza mvura inonaya kubva mumatenga endarira kwakanga kusina kunaya kwemakore matatu nechidimbu.

Mukuru Uyo akanga ari muna Eriya, kupfuura rufu. Nokuti, pakasvika nguva yokuti afe, Mwari vakaona muporofita akwegura, aneta. Akange ari kutsiura Jezebheri nezvose zvependi dzake nezvinhu zvechimanjemanje, zvino akanga aita sokuneta, saka haAna kana kumbomurega achifamba kuenda kuMusha, sezvaAkaita Enoki. Akatumira ngoro yemoto ndokumutakura, nokuenda naye kumusoro kuMusha. Mukuru Uyo akanga ari muna Eriya, kupfuura uyo aiva muJerusarema nemuJudhia, nemumakomo. Akanga ari mukuru Uyo ari muna Eriya, kudarika rufu pachezvarwo. Mukuru Uyo akanga ari muna Eriya, kupfuura bwiro; nokuti akapunyuka bwiro, akapunyuka rufu, akangoenda kumusoro kuMusha nengoro yemoto. Munoono, mukuru Uyo, uye aiva muna Eriya.

<sup>180</sup> Unoti, “O, zvakanaka, akanga ari munhu mukuru.”

<sup>181</sup> Mira zvishoma! Bhaibheri rakati, “Aiva murume ane manzwiwo akafanana,” sewe neni. Ndizvozvo. Asi paakanamata, akatenda kuti akawana zvaakanga anamatira; izvo zvakataurwa naJesu kwatiri, “Kana wonamata, tenda kuti unowana zvavanamatira, zvichaitwa.” Akanamata zvakasimba kuti kusanaye, uye hakuna kunaya kwemakore matatu nemwedzi mitanhatu. Maona? Mukuru Uyo akanga ari muna Eriya, kupfuura zvisikwa.

<sup>182</sup> Ko kupodzwa kwevarwere? Maona? Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura chirwere. Maona? Nokuti, uku kukanganisa, kukanganisa mirairo chaiyo yaMwari, chirwere chinodaro. Zvakanaka, “mukuru” Uyo ari mamuri, ndiye Mupodzi neMusiki, kuna—kuna dhiyabhorosi ari kuvhiringidza hurongwa hweupenyu hwako. “Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” Maona?

Mukuru Uyo akanga ari muna Eriya! Mukuru Uyo aiva muna Isaya, kupfuura zvaiva nguva; kana mumwe wevaporofita ava, nokuti vakaona zvinodarika nguva. Maona?

<sup>183</sup> Mukuru Uyo akanga ari muna Jobho, kunyange kudarika honye dzemumuviri, nerufu neguva. Nokuti, nechiratidzo akaona kuuya kwaShe, ndokuti, “Mudzikinuri wangu anorarama, uye pazuva rokuguma Achamira panyika; kunyangwe honye dzangu dzikaparadza mutumbi wangu, asi munyama yangu ndichaona Mwari.” Maona? Mukuru Uyo aiva muna Jobho, kudarika rufu; mukuru, nokuti rufu rwakamboedza kumutora rwukakundika. Rwakatadza kuzviita, nokuti akati, “Ndichamuka zvakare,” uye akazviita. Akazviita.

<sup>184</sup> Teerera, ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva yokuenderera mberi nazvo. Asi ndinoda kubvunza mubvunzo,

wandakanzwa uchitaurwa pane rimwe zuva, wokuti, “Kristu mamuri.”

Iye zvino, usa—usarega zvichizembera pane chimwe chinhu chawakaita; woti, “Ndakanzwa kubvunda. Nda—nda—ndakataura nendimi. Nda—ndakataba mumweya.” Hapana chokupikisana nazvo, zvino. Zvose zvakanaka, munoona, izvozvo, asi usazembera pana izvozvo. Maona?

Upenyu hwako hunofanira kuva *iRi*. [Hama Branham vanorova-rova Bhaibheri ravo—Mupepeti.] *IRi* ndiRo. Iwe nei*Ri* munofanira kuva chinhu chimwe, munoona, zvino *iRi* rinozviritidza pachaRo. Maona?

<sup>185</sup> Zvino ko dai—ko dai manheru ano waigona kuti, nemoyo wako wose, kuti mweya waShakespeare unogara mauri, kuti Shakespeare anogara mauri? Unoziva zvaunozoita? Unoita mabasa aShakespeare. Unozoaita. Unozoaita. Unogadzira nhetembo ne—nemitambo, nezvakadaro, nokuti Shakespeare aiva nyanduri wemhando iyoyo, munyori mukuru, munyori wenhetembo. Zvino, kana Shakespeare aigara mauri, waizoita mabasa aShakespeare. Ndizvo here?

<sup>186</sup> Ko dai Beethoven aigara mauri? Ko dai Beethoven aigara mauri? Unoziva zvawaiita? Wainyora dzimbo saBeethoven, nyanduri mukuru. Wainyora dzimbo saBeethoven, nokuti Beethoven ndiye anenge ave upenyu hwako. Unenge wave Beethoven, ave kurarama mumunhu, zvakare. Kana Beethoven achigara mauri, mabasa aBeethoven unoziva, nokuti Beethoven anorarama mauri. Ndizvo here?

<sup>187</sup> Asi Uyo ari mauri ndiKristu! Zvino kana Kristu ari mauri, unoita mabasa aKristu, kana Kristu achigara mauri. Akataura kudaro. Mutsvene Johane 14:12, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa andinoita achaitawo,” kana uri muna Kristu, kana kuti kana Kristu achirarama mauri. Zvino, Kristu iShoko. Ndizvo here? Uye Shoko raKe rakauya kuvaporofita vaKe. Maona? Zvino kana, iwe, Kristu achigara mauri, mabasa aKristu anoitwa nemauri, Upenyu hwaKristu hunorarama nemauri. Mabasa aAkaita, upenyu hwaAkararama, nezvose, zvinozogara mauri; zvimwe chetezvo sokunge Shakespeare, Beethoven, kana—kana angava ani uyo ari kugara mauri.

<sup>188</sup> Kana Upenyu hwaKe! Asi kana uchiri kurarama upenyu hwako pachako, zvino mabasa ako ndiwo aunoita. Maona? Asi kana uchirarama upenyu hwaKristu, kana Kristu ari mauri, “Uyo ari mamuri mukuru kupfuura uyo ari munyika.” Kana kupokana nekunetseka kwako pamusoro pevimbiso yaMwari kuri mauri, zvino Kristu haamo imomo; munoona, unogori nemanyawi. Asi kana Upenyu, kana Kristu ari kurarama mauri, Shoko raKe Anoricherechedza uye vimbiso yaKe Anoiita. Maona? Anozviita.

<sup>189</sup> “Kana ukanamata, tenda kuti unowana zvaunenge wakumbira, uye uchazvipuwa. Kana ukati kugomo iri, ‘Ibva,’ uye ukasapokana mumoyo mako, asi ugotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuwana zvawataura. Baba vanoshanda, uye Ndinoshandawo zvakare. Zvirokwasvo, zvirokwasvo, Ndinoti kwamuri, Mwanakomana hapana chaanogona kuita oga; asi zvaAnoona Baba vachiita, Mwanakomana anozviita saizvozwowo.” Maona? Zvino Baba pavaiMuratidza zvokuita; ndokufamba ikoko pasina kukundika kwechipi zvacho, ndokuti, “Ngazviitike,” uye zvakavapo.

Zvino Kristu mumwe chete anorarama mauri. Anorarama matiri. Zvino mabasa aKe tinoaita, nokuti Kristu iShoko, uye vimbiso yeShoko inounza kupodzwa kwauri. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chokwadi!

<sup>190</sup> Akati, “Handikusiyei musina munyaradzi.” Ndichinamata, ndakumbira nguva shoma yapfuura, umo muna Mateo 24, munoono, kana Mateo 28:20. Maona? Akati, “Ndichauya kwamuri, nokuva mamuri. Ini,” iye Munhu, Kristu, ari muchimiro cheMweya Mutsvene, “ndichauya ndichigara mamuri. Zvino unenge usisiri—zvino unenge usisiri muridzi wako pachako zvachose. Ndichange ndiri mauri. Uye mukuru Uyo ari mauri, kupfuura uyo ari munyika.” Maona? VaHebheru 13:8 inoti, “Ndiye mumwe chete, zuro nokusingaperi.”

<sup>191</sup> Uyo akanga ari muna Noa aive mukuru kupfuura kutonga kwemvura.

Uye Uyo ari mauri mukuru kupfuura kutonga kwemoto. Maona? Uyo ari mauri mukuru, nokuti akakubhadharira mutongo nokukukundira mutongo. Maona? Hapana chinotyisa apa. Munoono, urimo umo. Hongu.

Mukuru Uyo aiva muna Noa, kupfuura uyo aiva mukutonga kwemvura, dzakaparadza nyika isina kutenda. Nokuti, Noa akatenda. Uye mukuru Uyo akanga ari maari, akatenda Uyo akataura naye, kupfuura uyo aiva munyika. Kutu, Noa akapunyuka kutongwa kwese, nokuti Shoko raMwari rakanga rakakura kudarika izvozvo, zvino ndokusimuka pamusoro pekutongwa.

“Mukuru!” Tinogona kumbomira tiri ipapo kwechinguva! Maona?

<sup>192</sup> Mukuru Uyo akanga ari muna Dhavhidha, kupfuura chitsere chakaba gwai rake. Mukuru Uyo akanga ari muna Dhavhidha, kupfuura shumba iyo yakauya ikatora rimwe rehwayana dzake. Mukuru Uyo akanga ari muna Dhavhidha, kupfuura muvengi, Goriati. Mufiristia mukuru akanga akamirapo, zvingaita mafiti gumi nemaviri, gumi nemana pakureba, aine minwe yakareba mainchi gumi nemana; aine pfumo rakareba sezimuti reuyo anogadzira machira; uye akafukidzwa kwese nedare kana simbi,

ndarira, yakakora mainchi maviri kana matatu. Asi zvaiva muna Dhavhidha zvaiva zvakakura kupfuura zvaiva maari.

Aiva nesimba, mamhasuru. Aiva murwi. Aikwanisa, akangoti ainhonga Dhavhidha nekwakaperera pfumo rake omurembedza mudenga, orega shiri dzichimudya.

<sup>193</sup> Zvino Dhavhidha akati, “Unosangana neni semuFiristia, muzita remuFiristia. Unondituka nemuzita ramwari wavaFiristia.” Ndokuti, “Wadada nezvauri kuzoita. Uye unosangana neni nehanzu dzekurwa nemunondo. Asi ndinosangana newe nemuZita raIshe Mwari, uye nhasi ndichabvisa musoro wako kubva pamapfudzi ako.” Uye akazviita, nokuti mukuru Uyo akanga ari kufemera Dhavhidha kuti ave nokushinga.

<sup>194</sup> Mukuru Uyo ari mauri, kupfuura hwiricheya. Mukuru Uyo ari mauri, kupfuura nhowo yehurwere. Mukuru Uyo ari mauri, kupfuura kenza. Mukuru Uyo ari mauri, kupfuura hurwere. Mukuru Uyo, kupfuura chose icho dhiyabhorosi angaisa pauri. “Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” Mukuru Uyo! Hongu!

Dhavhidha aiva mukuru, akanga ari muna Dhavhidha; Mwari ari muna Dhavhidha.

<sup>195</sup> Ari matiri, ndiye, Kristu. Ndiye akatikundira muvengi wedu, wese. PaAive pano panyika, Akakunda chivi, Akakunda hurwere, Akakunda rufu, Akakunda gehena, Akakunda bwiro, uye zvino Anogara matiri seMukundi! Akakunda hurwere, gehena, rufu, bwiro, uye ndokuuya kwatiri kuzotisunungura kubva kune zvinhu zvose izvi. Zvino mukuru Uyo ari mauri, kupfuura uyo anogona kuisa zvinhu zvenhema izvi pauri. Hongu! “Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.”

<sup>196</sup> Ndiwo maitikiro anoita zvishamiso izvi. Ndiwo mamiriro akaita mhengo iya, nezva riya. Munhu angakwanise here kuita zvakadaro? Kwete, changamire, hazvikwanisike. Pandakamirapo, ndichichema, apo mhengo dzichibvarura, ne . . .

Vangani vari muno, vakanga vari kumusoro uko? Tikuonei muchisimudza mawoko enyu. Simudzai mawoko enyu mudenga, wese akanga ari kumusoro uko, kumusoro muColorado ipapo pa—panguva iyoyo. Zvakanaka. Hama Fred, ndinofunga, ndivo voga vakanga varipo, panguva iyoyo. Ndafunga kuti pamwe Hama Mann vanga varipano, asi ivo . . . Hama, Hama Evans, vakanga vasipo? Hama Evans vakanga varipo panguva iyoyo. Hongu. Zvakanaka. Uye, hongu.

<sup>197</sup> Cherechedzai. Handi chokwadi here? Handiwo here maitikiro azvakaita? Mvura inonaya yakabva yangomira, uye mhengo ndokumira kuvhuvhuta. Chaiva chii? Pashoko rangu? Kwete! Nokuti Akandiudza kuti ndizviite. Zvino mukuru Uyo ari matiri, kupfuura zvisikwa. Handiye here Mwari mumwe chete akagona kunyararidza masaisai mugungwa, nokugona

kuti mhepo dzidzokere kunzvimbo yadzo? Handiye here Mumwe chete aikwanisa kuti zuva risvibe, nokuita kuti zuva ripenye? Zvakanaka, “Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” Maona? Zvakanaka.

<sup>198</sup> Zvino ndosaka zvishamiso zvechokwadi izvi zvave kugona kuitika, nokuti ivimbiso yaMwari, “Zvinhu zvaNdinoita, nemiwo muchazviita zvakare.” Mutsvene Johane 14:12. Iye, Kristu, akanyaradza mhepo nemasaisai, ndiye Musiki wazvo. Achingori Musiki sezvaAiva kare. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

Akapodza varwere nokuparadza chivi, ndokukushandurirai zvose, ndokuuya kwamuri kuti Azogara mamuri. Akakunda zvose izvi, kuti auye kuzogara matiri. Iye ndiye Mukundi akatokunda kare zvinhu izvi; ndokuzviratidza muMagwaro, ndokudzoka kuzokunda zvinhu zvose, ndokuzviratidza kwamuri kuti ndiYe Mwari mumwe chete. Uye mushure mechiuru nemazana mapfumbamwe emakore, heunoi pano Achiri kuita zvinhu zvimwe chete pakati pedu zvaAkaita kareko, zvakakunda rufu, gehena, hurwere, nebwiwo!

<sup>199</sup> Kristu uyu, uyu “Iye,” Ndiye Uyo ari mamuri. Ndiye Kristu. Sokutaura kwakaita Johane, “Uyo ari mamuri mukuru kupfuura uyo ari munyika.” Aive Kristu! Ndiye mukuru pane nyika yose nokuti Akakunda nyika, uye ndiye mukuru, kupfuura zvinhu zvose izvi, nokuti Akatikundira. “Uye tiri vakundi nokupfuurira nemuna Iye wakatida ndokuZvipira nokuda kwedu,” kuitira kuti Agodzoka ozoita mabasa Ake nematiri, kuti aratidze kwatiri kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

PaAive pano panyika, Akaratidza paAkamira pakati pevanhu, kuti Aive Mhesiya. Aikwanisa kunzvera pfungwa dzaive mumoyo yavo. Uye Bhaibheri rakati, Mosesi akataura, kuti, “Aizenge ari muporofita.” Ndizvo here? Aiziva zvakavanzika zvemoyo. Aiziva vanhu kuti ndivana ani. Aiziva zvaivatambudza. Hatina kuzviona here zvichiitwa? [Ungano inoti “Ameni.”—Mupepeti.] Nguva nenguva!

<sup>200</sup> Tinoziva kuti vakafa vakamutswa, kubva mukufa chaiko. Vamwe vavo vaine vafa kwezva nechidimbu. Zvakanaka, vakafa mamwe mangwanani, zvino ndokumumutsa manheru iwayo, ndokufamba usiku hwese; zvino zuva rakatevera kwave kuita masikati, kana kuti kudarika masikati zvisoma, akaunzwa kwaiva netende. Mwana muduku akafa, akatonhora, akaradzikwa mumawoko aamai. Zvino Ishe Mwari vakaunza, vakataura Shoko reUpenyu, zvino mwana uya ndokubva ave kudziya ndokutanga kuchema; ndokumudzorera muruwoko rwaami vake.

<sup>201</sup> Mai Stadklev, vakamirapo vachiona zvichiitwa, ndicho chikonzero vakachemera mwana wavo zvakadaro, vaitoda kundibhururutsa nendege kuenda kuGermany. Asi Ishe vakati,



“Urwu ruwoko rwaNgu; usazvitsiure.” Munoono, unoziva zviri nani.

PaVakaudza Mosesi, vakati, “Taura kudombo,” usarirove. Zvairaiva kuti “taura,” usarirove, munoono. Unofanira kuteerera zvaAnokuudza kuti uite. “Asi hapana munhu anokwanisa kuita chinhu ari oga,” anofanira kutanga azvinzwa kubva kuna Mwari.

<sup>202</sup> Zvino Shoko raMwari rakavimbisa kuti Anorarama. Uye, nokuti Anorarama, unorarama. Akavimbisa, kuti, “Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaaita. Zvinhu zvimwe chete, zvinenge zvangowedzera, muchazviita, nokuti Ndinoenda kuna Baba.” Akakunda zvinhu zvose. Ndiye Uyo akamisa . . .

Ndiye Uyo akagadzira tsindi dziya. Zvakaitika kaviri. Zvakaitika kamwe zasi kunzvimbo yako, Charlie. Uye zvikaitika—zvikaitika kumusoro kuno apo, hama, Hama Fred neHama Banks nevamwe kumusoro uko vaiva nesu.

<sup>203</sup> Zvakaitika muGermany, apo varoyi gumi nevashanu, kumativi angu ose, ndokuti . . . Nokuti Billy neHama Arganbright vakava—varambidza kuti vandione, vakati, “Saka, tichakonzera kuti tende ipupurutswe nemhepo.” Zvino vakagarapo, nokudeketera kwavo, ndokudana kuna mwari wavo, dhiyabhorosi, zvino heunoi ndokuuya nedutu. MaGermany anenge zviuru makumi matatu, zviuru makumi mana kunze ikoko, zvino tende riya richikwira nokudzika sezvizi.

Ivo, zvino vaicheka, ndokutora chigero ndokucheka munhenga, ndokuunongedza shure sezvizi. Vachitaura zvavo, vachiita zvose zvokudeketera, uye vachitaura mavara matatu anoyera avanotaura, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; lu-lu-lu-lu-lu-lu! Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; lu-lu-lu!”

<sup>204</sup> Vachiita saizvozvo, zvino chaizvoizvo dutu rakatouya. Chokwadi. “Ndiye muchinda wesimba remumhepo,” Satani. Zvino vakadana dutu. Uye, zvino, kunyangwe zitende guru rakanga rakadzikwa sezvizi, o zvangu ini, raizadza kuda bhuroko remuguta; uye rakavakwa, rakavakwa sedumba, uye ingori tende yakaiswa pamusoro. Mhepo yakapinda nepasi payo ndokubva yangoisimudza, sezvizi. Zvino mhapo iyi, mheni ichibhururuka saizvozvo, ndakangoramba ndichiparidza.

<sup>205</sup> Uye, o, vakanga vari mukuenda nokudeketera kukuru, vachingoenderera mberi saizvozvo, vachitaura mashoko maduku aya matsvene vachiti, “Mashoko matatu makuru matsvene: Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” kumativi ari maviri saizvozvi. Zvino ndakamuona achikotama, uye akakomberedzwa nemadhimoni ipapo, asi asina kusungwa.

<sup>206</sup> Zvino ndakati kune Hama Lowster, “Usaturikire izvi.”

207 Ndikati, “Hama Arganbright, ingonamatai.”

208 Ndikati, “Ishe Mwari, Musiki wematenga nyenika, Makandituma kuno. Ndakaisa tsoka yangu paivhu rino remuGermany, nemuZita raJesu Kristu, nokuti Makandituma kuno. Gore iro harina simba pamusoro pangu. Harina, nokuti ndakazodzwa nokutumwa kuno kuti vanhu ava vawane ruponiso.”

“Ndinokuraira, nemuZita raJesu, kuti ubve pano.”

209 Zvino mabhanan’ana, achirira, “Bha! Bha! Bha!” Akati, “Grrrrrrrrr,” ndokuenda, uye chaipo pamusoro petende, ndokuaendesa; zvino zuva ndokubva ravheneka.

210 Mukati memaminitsi gumi, pakanga pava nevangasvika zviuru gumi vakapoteredza maartari nezvimwewo, vachichemera tsitsi, kuona simba raMwari. Sei? “Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” Maona?

211 “Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” Kuona marwadzo mune chinhu, o, hama, hanzvadzi, hatina kana chingatinetisa zvachose. Hukuru ndiMwari, uye Ari mamuri. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

212 Zvino ndadarika nguva zvikuru. Ave maminitsi gumi nemashanu, kuda, kudarika nguva dzepfumbamwe. Uye ndinoziva kuti vanhu ava vane rwendo rwakareba rwekutyaira.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

213 O Mwari Baba, Munoziva nezveColorado. Munoziva kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi. Uye ndinozvitaura kuti Mubwinyiswe, kuti vanhu ava vagoziva. Mushure mokuratidzwa kwese nesainzi, kwemifananidzo, nemabasa eMweya Mutsvene. Uye, Ishe, Munoziva kuti iYe...kuti ndazvitaura pachena kuvanhu, uye ndinogara ndichizviita, nokuda kwekuti Makazvivimbisa. Uye Muri pano, muri kuedza kuwana mumwe munhu waMungaZvisimbise nemaari, kuitira kuti vamwe vaone kuti Muri mupenyu, uye Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. NdinoKukumbirai, Ishe, kuti muve netsitsi, uye nokutitungamira pamwe nokutiraira papfungwa dzedu.

214 Pane avo vagere pano vari kurwara nokutambudzwa. Pane avo zvichida vanogona kufa kana vakasawana rubatsiro runobva kwaMuri. Vazhinji vavo, zvichida, vave kumagumo enzira, apo vanachiremba havachakwanisa zvachose kuvabatsira. Imi muri Mwari, uye Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye Hupo hweNyu huri pano.

215 Uye, Ishe, hatizive uku Kudhonza Kwechitatu, sezvatakataura nezvaKo, kuti ndirinhi. Hapana chandinoziva. Asi tinoziva chinhu chimwe chete, kuti Kudhonza Kwekutanga kwaive kukwaniswa. Kudhonza Kwechipiri, zvinova zvishanu, dzaive nyasha.

Uye, Mwari, ndinonamata manheru ano kuti Muzvizarure pacheNyu kwatiri, kuti mushure mezvinhu izvi, zvokuti, “Uyo ari mamuri!” Uye Makati, “Mabasa Andinoita nemiwo muchaaaita,” uye mukati hapana chaMaiita kusvikira Baba vaKuratidzai.

<sup>216</sup> Uye takaona zvaMakaita apo Makakwanisa kuudza muApostori Petro kuti aive ani, nezita rababa vake kuti rainzi ani. Ndokuudza Natanaeri zvaange avinga, uye kuti akanga auya sei ikoko, kwaakange ambori kumashure, nezvaakanga aita. Ndokuudza mudzimai, patsime, pamusoro pezvivi zvake uye nezvaaive, achirarama muupombwe nevarume vatanhatu ava; akanga ambova nevashanu, zvino mumwe uyo waakanga ari kugara naye akanga asiri murume wake. Muchiri Mwari mumwe chete. Makaudza . . .

<sup>217</sup> Chakanga chiri chinhanu chaBhartimeo bofu, paainge akamira apo; asi zvakadaro, mumoyo make, akanga aine kuona, kwekuti aikwanisa kuona; kuti, kana aive Jehovha airatidzwa muhuMwanakomana hwaJesu Kristu, kuti Aikwanisa kuziva kuchema kwake. Zvino akadanidzira, “Iwe Mwanakomana waDhavhidha, iva netsitsi kwandiri!” Uye zvakaKumisai, zvino Mukatendeuka ndokumupodza, O Baba, muchimuudza kuti kutenda kwake kwakange kwamupodza.

<sup>218</sup> Mudzimai muduku uya aiva neropa shoma, kuti kubudikidza nekubuda ropa pamwe nokushanduka kweupenyu, uye kwemakore akawanda hakuna kugona kumira. Akanga apedzera mari yake yose kuna vanachiremba, uye hapana mumwe wavo akagona kumubatsira. Akauya kune mumwe wemusangano weNyu apo Maitaura nemumwe murume ipapo pa—paGarirea, apo Makanga muri munzira yeNyu kuenda kuimba yaJairosi. Mudzimai muduku uyu akanga ati mumoyo make, pasina Gwaro seri kwazvo, “Kana ndikangokwanisa chete kubata hanzu yaKe, ndi—ndinotenda kuti ndinobva ndapora.” Zvino akawana chishuwo chake paakabata hanzu yeNyu. Uye Mukamuudza kuti kutenda kwake kwakange kwazviita, ndokutsanangura zvido zvake, zvino akabva apodzwa.

<sup>219</sup> Tinoudzwa muShoko kuti Imi muri muPrisita Mukuru, agere Kumusorosoro, anorarama nguva dzose achireverera. Uye—uyewo zvakare nokuti Imi, muri muPrisita Mukuru, panguva ino, anokwanisa kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu. Ishe Mwari, itai kuti munhu wese ari muno manheru ano zviite kuti . . . ave nemukana wokuKubatai manheru ano, Muprisita Mukuru mukuru, uye vagopodzwa. Kuti Mwari awane Kubwinya, ndazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>220</sup> Zvino handikwanise . . . Pane here makadhi omunamato? Nda—ndaudza Billy kuti arege . . . pane here ane kadhi romunamato? Zvakanaka, ndizvozo, ndamuudza kuti asaagovere. Ndafunga kuti kuda ndingangotora nguva yakareba,

apo ini. . . o, ndinotaurisa. Asi, onai, munoona, uye manditudza, pandati, “Ndichaedza kunge ndabuda naeight-thirty,” maseka, uye nda—ndaziva kuti munoziva zvamanga muri kutaura nezvazvo. Ndi—ndiri. . . asi ndi—ndinokudai. Maona?

<sup>221</sup> Izvo, zvandiri kuedza kuita, ndagara ndichiedza izvi, shamwari; kuti pasazombowana munhu anoti, “Hama Branham vakaita zvakati.” Hama Branham hapana zvavanogona kuita. Maona? NdiJesu Kristu. Uye Uyo ari mandiri ndiye ari mamuri. Munofanira kungotenda. Handizvo here? Maona? Uyo ari mauri mukuru kudarika chirwere chako.

<sup>222</sup> Zvino vanhu vangani vari muno vari kurwara mumitumbi yavo, vasingandizivi, asi unotenda kuti une kutenda kwakakwana kwekuti ubate Muprisita Mukuru, simudza ruwoko rwako, uti, “Ndinozviteda”? Zvakanaka. O, kune mawoko, kwese-kwese. Zvakanaka. Vangani vari muno vanondiziva, uye muchiziva kuti hapana chandinoziva pane zvamuri kuda, uye uri kuda kuti Mwari vakubate? Simudza ruwoko rwako. Maona? Maona? Zvakanaka.

<sup>223</sup> Chaizvoizvo, hapana munhu ari muno wandinoziva nezvake, ipo panguva ino, kuti ari kurwara. Asi mukomana uyu agere pano, ndinomuziva. Ndakambomunamatira, kakawanda. Handisi kukwanisa kurangarira zita rake, asi anobva zasi muKentucky. Anondinyorera nguva dzose, shamwari yepedyo yeHama neHanzvadzi Woods nevamwe, uye anouya kuno. Agara achiuya kumisangano kwenguva yakareba, zvachose. Ndiye munhu woga wandinoziva.

<sup>224</sup> Zvino, Hama Dauch, sokuziva kwangu, vatano, kana kuti vangadai vasina kugara muno. Vakarwara zvikuru pane rimwe ramazuva, zvino Ishe vakavapodza.

<sup>225</sup> Handizive munhu uyu. Uye handizive kuti ndiyani uyu ane madondoro pano; pamwe munhu uyo ari mucheya. Ha—handizive.

Uye ndi—ndinoziva vakawanda venyu. Asi Mwari vari Kudenga vanoziva, panguva ino, handizive zvamuri kuda. Handina kana ruzivo. Zvakati omarerei muno mutabhenakeri, nokuti, munoona, ndinoziva vanhu vakawanda.

<sup>226</sup> Zvino hezvinoi zvazviri. Kana wasvika panzvimbo. . . Zvino, ndinouya pano, dzimwe nguva, zvino ndoti, “Zvakanaka, tichapa munhu wese kadhi romunamato tovaisa mumutsara. Uyai kuno kupratifomu.” Mumwe munhu anobva aenda. . . Zvino haukwanise. . .

Zvino, vashamwari, ndichazarura moyo wangu ndigokuudzai chimwe chinhu. Hamukwanise kuzvivanza. Izvo zvacho zvauri kufunga, ndinozviziva. Ndizvozvo. Ndinoziva zvauri kufunga. Maona? Uye pane dzimwe nguva unoti, “Hama, ndinotenda.” Sei, handiti, unotenda kusvika pane chimwe chiyero. Maona? Maona? Ndinoziva.

227 Uye ipo pano, saka, zvino, iye zvino, chizoro chiri kuuya pandiri, munoona. Uye ndave kunzwa kupfakanyika, sokunge, kakurova, munoona, kurova kuri kubva nzvimbo dzakasiyana-siyana. Maona?

Asi iye zvino chiregai—chiregai kupokana. Tendai Mharidzo yose. Itendei. Kana isiri iyo, kana isina kunyorwa muBhaibheri, zvino musaitenda. Asi kana Iri muBhaibheri, zvino Mweya Mutsvene uri kugara matiri wakasungirwa kuzviita kana tichiItenda. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Ndinoziva kuti zvakaoma. Munoona, hapana chinouya zviri nyore.

228 Zvakanga zvakaMuomera kuti afe, kuitira kuti izvi zvigopiwa kwamuri. Zvakanga zvakaMuomera kuti aende kuKarivhari; Aida kurarama, zvakanyanya kusvikira pokuti Akachema, “Kwete kuda kwaNgu, asi kweNyu ngakuitwe.” Maona? Maona? Akanga asingadi kuenda; Aiva Murume wechidiki, uye Aiva nehama dzaKe. Aivada semadiro andinokuitai. Asi haA—haAikwanisa kurarama, ivo vagoraramawo zvakare, nokudaro Akafa kuitira kuti isu tigorarama. Zvakanga zvisiri nyore. Aitofanirwa kuzviita. Onai mhando yerufu yakanga iri mberi kwaKe, “Baba, nguva yasvika, zvino Ndichanamata here kuti Mubvise mukombe uyu kubva kwaNdiri? Kwete.” Maona? Maona? Akanga asingadi kuzviita; Aida kuti kuda kwaMwari kuitwe.

229 Zvino, tarisai, kana ukatenda zvinhu zvimwe chete! Zvino, usa—usa—usaise mumvuri paZviri, zvachose. Ingozvitenda. Ingonyatsozvitenda. Usapokane. Iwe zvitende.

230 Kana ndikaunza vanhu mumutsara wekunamatirwa, zvino ndoti, “Zvakanaka, zvino munhu uyu, unoziva kuti handikuzive.”

231 “Kwete, ndizvozvo, Hama Branham.”

232 Zvino mukati umu unobata mumwe munhu anoti, “Uh-huh, asi ari kuverenga zvavaisa pakadhi romunamato! Kuverenga pfungwa!” Zvirokwazvo zvinozongozviita.

233 Zvino ndinozoti, “Zvakanaka, zvino musi weSvondo uno hatisi kuzopa makadhi omunamato. Ndinoda munhu wese pano, ari mutsva, asina kumbobvira akauya muno, simuka.” Maona? Uye—uyezeve Mweya Mutsvene unonyatsotendeuka ugonzvera zvose zvakanga zviri mavari. Maona? Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Makazviona nenzira dzose mbiri.

234 “O, zvakanaka, pane chakatsveyama nazvo.” Maona? Maona? Ipapo, hapana nzira, ha—ha—haukwanise. . . Munoona, chero bedzi Satani achigona kuwana mumwe munhu, anokuita kuti utende chese-chese.

Uye anokuratidza mhosho dzose dzandinadzo, uye ndine dzakawanda dzaanogona kukuratidza. Usatarise pane izvozvo!

Usatarise izvozvo. Ini ndiri munhu. Maona? Asi, rangarira, iri Shoko raMwari iChokwadi, uye ndiri kuedza kurarama naRo.

<sup>235</sup> Kana ndikabuda kunze uko ndotanga kuita zvinhu zvisiri izvo, zvisina kunaka, ndichiita zvivi, nokunwa, uye, kana kuputa, kana—kana kuita zvinhu zvisina kunaka, u—unouya wonditsiura, nokuti izvozvo—izvozvo hazvina kufanira. Ndi—ndinoda zvino kusiya nyika. Handidi...Ndinoda kuenda izvozvo zvisati zvaitika. Maona? Handidi kudaro.

<sup>236</sup> Asi chero ndiri kuedza kurarama zvakanaka nokuita zvakanaka, munoono, nokuedza kurarama sezvinofanira kuitwa neMukristu, uyezve ndotendera Mwari kuti atore Shoko raKe uye nokundinzwa ndichimira naRo. Kunyangwe Richindidhurira nekurasikirwa neshamwari dzakawanda nemukurumbira wenyika, nezvimwe zvakadaro, uye nokuvengwa nevakawanda, nemasangano, uchidzingirwa kunze, zvakadaro ndinoda kuva ndakatendeka kuShoko iri. IShoko raMwari, uye ndinoda Mwari. Saka iShoko raMwari, uye ndi—ndinokuudzai kudaro, “Ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi,” uye Ari matiri zvino. Zvino kana . . .

<sup>237</sup> Zvino, dai upenyu hwaShakespeare huri mandiri, huchigara mandiri, dai Shakespeare aigara mandiri, handaiita here mabasa aShakespeare? Kana Beethoven ari mandiri, handiite here mabasa aBeethoven? Dai mweya waDillinger uri mandiri, dai John Dillinger achigara mandiri, handaiva here John Dillinger? Dai Beethoven ari mandiri, ndaiva Beethoven? Maona? Dai Castro ari mandiri, ndaiva Castro? Maona?

Zvino kana Jesu Kristu ari mandiri, mabasa aKe ndinoaita, nokuti anenge ari iYe. Uye haAna here kuti zvimwe chetezvo zvichaitika? Maona? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>238</sup> Zvino chii chaAiita dai ainge Akamira pano, kana Ari mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi? Anoti, “Ndinongokwanisa kuita izvo zvaNdinenge ndaratidzwa naBaba kuti ndiite.” Ndizvozvo here? Zvakanaka, ndiyo nzira yaAkazviita nayo nezuro.

Zvino iYe mumwe chete here? Ko chirwere? Mubhadharo wako wakabhadharwa kare. Mose makatopodzwa kare zvirwere zvenyu. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nokuda kwaizvozvo...Mumwe nomumwe wenyu makarengererwa, asi unofanira kuzvigamuchira. Mumwe nomumwe wenyu makapodzwa, asi unofanira kuzvigamuchira.

<sup>239</sup> Zvino, kuratidza kuti ndiYe mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Dai Anga akamira pano, haAikwanisa kukupodza, zvachose, nokusatenda kwako. Waitofanirwa kuzvitenda, zvimwe chetezvo sezvaunofanirwa kuzvitenda iye zvino. Zvinofanira kunge zviri zvimwe chete, munoono. “Nokuti, mabasa makuru haAna kukwanisa kuaita muzuva raKe, nokuda

kwekusatenda kwavo.” Ndizvozvo? Mabasa makuru akawanda haAkwanise kuaita nhasi, nokuda kwekusatenda.

<sup>240</sup> Zvino, Ndiyani aigona kufanotaura *izvozvo*? Mwari. Ndiyani akataura *izvi*? Mwari. Ndiyani akaita *izvo*? Mwari. Ndiyani akataura kwaive nechitsere, nondo, nhoro, zvose zvimwe zvinhu izvi, neaya manomwe. . .zvose—zvose zvinhu izvi zvakaitika? Ndiyani akazvita? Iye, Kristu, ari matiri, achiporofita nezvaKe nematiri, achiZvizarura kuti ndiYe mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.

Ndiyani akamisa mhelo? Ndiyani akasika tsindi? Mumwe chete iYe akasika gondohwe raAbrahama, apo rake. . . ndokuMudana “Jehovha-Jire.” Mazita anoreva zvakaipetwa erudzikinuro achiri kutaura zvaAri. Achiri Jehovha-Jire, “Jehovha vanogona kuZviwanira voga Chipiriso.”

<sup>241</sup> Zvino, mumwe nomumwe wenyu, ndi—ndinoda kuperera kwenyu kwakadzama zvino. Kana mukanyatsotenda nemoyo wenyu wose, hapazombova nemunhu ane hutera pakati pedu, munguva iyo wachi iyo inenge yafamba maminiti mamwe mashanu. Panenge pasisina munhu pano asi wese anenge amira netsoka dzake, apora, kana mukangozvutenda. Munokwanisa kutenda here?

<sup>242</sup> Zvino ngationei zvino kana Akauya kwatiri oZvizarura, takakotamisa misoro yedu.

<sup>243</sup> Ishe Jesu, iye zvino Ndibatsireiwo. Uye ndichaKuteerera, Ishe, nezvose zvandinoziva. Regerera zvivi zvangu nokudarika. Ndanamata nomuZita raJesu. Amen.

<sup>244</sup> Zvino ngatitorei divi riri kuno, mumwe munhu ari kuno. Tenda, iva nokutenda, usapokane! Mumwe munhu asingandizive, kana zvichikwanisika. Handikwanise kutaura kuri kuenda chiratidzo. Ndinongofanira kuChitarisa. Kana chiri Chazviita, zvino munozviva, kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Ingotendai, uye musapokane. Kana Achizozviita, muchatenda here, munoona, mushure mezvose zvaitwa nhasi? Maona? Ingogamuchira kupodzwa kwako, munoona. Iti, “Ishe, ndave iye zvino kubata Jesu Kristu. Ndiri kutenda.” Iye zvino dai Mwari weKudenga azviita.

<sup>245</sup> “Mukuru Uyo ari mamuri, Kristu, kupfuura uyo ari munyika.” Zvino, mumusangano, patinoMubata, Anozviratidza zvakare pachaKe; semudzimai akabata Mwari, nemuna Kristu, ndokuratidza zvakare zvishuvo zvake.

<sup>246</sup> Ndinoona zvino umo mukona pano, zvinoratidzika kunge murume, ari kurwara zvakaipisira. Kwete, handizvo. Mudzimai ari kunamatira mumwe murume, uye murume wacho haasi pano. Asi mudzimai. Ndinoona kuti mudzimai uyu. . .Ndibaba vake—vake, uye vari kufa nekenza. Uye zvakaipisira. Murume uyu haasi pano. Ari kune imwe nzvimbo. Haisi nyika ino, zvakare. Ndeiyu, ari muGeorgia.

Ramba uchinamata. Unotenda nemoyo wako wose zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ingoramba uchinamata, munoono.

Zita remudzimai, ari kunamata, ndiMai Jordan. Havabve kuGeorgia. Vanobva kuNorth Carolina. Kana zviriro izvo, mudzimai, simuka netsoka dzako. Ndizvo, zvose ichokwadi. [Hanzvadzi inoti, “Ndinotenda Mwari! Ndinotenda Mwari!”—Mupepeti.] Ndizvo here zvawanga uri kunamata? [“Hongu, changamire; baba vangu.”] Zvakanaka. Zvakanaka. [Hanzvadzi inoenderera mberi kutaura nezvababa vayo.]

Unozvitenda here, kuti, “Uyo ari mauri mukuru kupfuura uyo ari munyika”? [Hanzvadzi inoti, “Ndinotenda.”—Mupepeti.] Unotenda here kuti Uyo ari . . .

<sup>247</sup> Tarirai, hechinoi chimwe chinhuzve. Wakawana kudzidziswa kukuru mumazuva ako ehuduku, kanawo zvimwe, nokuti zvinoratidzika sokunge wakazvibanidza kana kuti uri mune imwe mhando yeChikristu. . . Baba vako havasi here mushumiri, kana mumwe munhu akadaro, mumwe vevanhu vako, kana zvimwe? [Hanzvadzi inoti, “Murume wangu.”—Mupepeti.] Murume wako, ndizvo zvaari. Ndiri kuona mumwe munhu akamira newe, achiparidza Evhangeri, uye mainge muri muchechi. Anga akabatanidzwa newe. [“Ishe ngavarumbidzwe!”] Zvakanaka, hezvo izvo.

Zvino, mudzimai handimuzive, asi Mwari vanoziwa mudzimai.

<sup>248</sup> Zvino, une here chimwe chinhu mubhuku rako remuhomwe, kahengechepfu kaduku kana chimwe chinhu imomo? Zvakanaka, zvino chii- . . . Kana wagara pasi, isa mawoko ako pahengechepfu iyoyo, uye usapokane, uye Uyo ari mauri mukuru kupfuura uyo ari kuuraya baba vako. Tenda nemoyo wako wose, zvichava sokutenda kwako.

<sup>249</sup> Zvino, ndinoda kukubvunza chimwe chinhu. Handizive mudzimai uyu. Sokuziva kwangu, ndiko kokutanga, ndinofungidzira, pandati ndamuona. Asi akagara apo ari muchinhano chokupererwa, vachinamata. Zvino iye Mwari mumwe chete aigona kutendeuka oudza mudzimai nezvekubuda kwake ropa, ndiye Mwari mumwe chete ari pano, zvichiratidza kuti Uyo ari mamuri akakunda nyika. Munotenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kana mukangova nokutenda, musapokane.

<sup>250</sup> Ndichitaura nezvekenza, ndinoona mumvuri mutema uya zvakare. Uri pamusoro pemudzimai, agere pano *apa*. Ane kenza yepahuro, uye ari muchinhano chakashata. Uye akambonamatirwa, uye ari kuedza kugamuchira kupodzwa kwake. Mai Burton, kana mukatenda! Handizive mudzimai uyu. Asi kana ukatenda nemoyo wako wose. . . Zvirokwazvo, chinhu. . .



Rega nditsanangure izvi kwauri, zvauri kuedza kuita. Wakarasikirwa neinzwi rako, nokuda kwazvo, zvino uri kuedza kunamata kuti inzwi rako ridzoke. Ndizvozvo here? Ninira ruwoko rwako sezvizi. Zvino, mudzimai uyu mutsva kwandiri. Handimuzivi. Mamuona? Ndizvozvo. Hoyo, hoyo uyo ari apo. Maona? “Mukuru Uyo ari mauri, kutenda kunogona kuMubata, kupfuura uyo ari muhuro yako.”

Munotenda nemoyo wenyu wose? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>251</sup> Hanzvadzi Larsen, ndinokuzivai. Ndivo muridzi weimba yandiri kugara. Asi, Hanzvadzi Larsen, makamboenda kuna chiremba kanawo zvimwe, zvimwe zvakadaro. Muri kufanira kuoparetwa. Ndizvozvo. Handizvo here? Mukuru Uyo ari mamuri, Hanzvadzi Larsen, kupfuura uyo ari munyika. Jesu akati, “Ndaiva muyenzi, zvino wakaNdipinza mukati. Sezvawakaitira kune mudukusa weava, vaduku vaNgu, wakazviitira kwaNdiri.”

O Baba voKudenga, ivai netsitsi!

<sup>252</sup> Ko unofungei? Uri kufanira kuoparetwawo, zvakare. Uri munhu mutsva kwandiri. Ndizvo here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Hausi wekuno. [“Ndinokuzivai, asi hamundizive.”] Unondiziva, asi handikuzive. [“Hamundizive.”] Asi Mwari vanokuziva. Unozvitenda? [“Hongu, ndinotenda.”] Uri kufanira kunooparetwa. Haugare kuno. Uri pedyo neBedford, Springville, zvinenge. . . Ndiko kwairi, Springville. Mai Burton. . . Kwete, kwete, ruregerero, ndanga ndisingarevi izvozvo. Mai Parker, ndiro zita renyu. Handiro? Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari kuedza kukuurayai. Ndizvo here? Munotenda here nemoyo wenyu wose? Zvadaro hamuzodi opareseni yenyu, kana muchitenda.

<sup>253</sup> Munofungei nezvose izvi, hanzvadzi? Handikuzivei. Muri munhu mutsva kwandiri. Munotenda here kuti ini ndiri muporofita waKe? [Hanzvadzi inoti, “Ndinozvitenda.”—Mupepeti.] Unotenda. Mazvita. Mwari vachazviremekedza izvozvo. Ndimi Mai White. Munobva kuFort Worth, Texas. Mune chirwere chemarunda, chinhano chekuhuta-huta. Muri pakashata. Hapachisina tariro kwamuri, zviri maererano nemarapiro esainzi. Murume wenyu, ane chishuwo chepamweya icho chaari kunamatira. Une mwanakomana apo, ane dambudziko nemusana wake, nedambudziko remoyo. Une kakomana kaduku pamakumbo ake. Kakomana kaduku aka kane mamwe matauriro ayo auri kunamatira. Kana zviri izvo, simudza ruwoko rwako. [Murume wacho anoti, “Ndizvo chaizvo. Ndizvo zvisihuwo zvedu.”]

“Mukuru Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nemoyo wenyu wose? [“Ameni.”] Nawo wose? [“Ameni.”]

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

<sup>254</sup> Iye zvino Apfuura nemuchivakwa. Azviratidza kwamuri kuti NdiMwari. “Mukuru, iye Uyo ari mamuri, kupfuura uyo ari munyika.” NdiIshe Mwari. Zvino, Uyo ari mamuri, ngaave nekutonga. NgaAve nechekutaura che—cheizvo zvauroi . . .

Iwe chiti mumoyo mako iye zvino, kana uchikwanisa, nemoyo wako wose, uye uzvitende, “Chirwere changa chiri mumuviri mangu chpera.” Maona? “Handichisina dambudziko. Handichisina chirwere. Uyo ari mandiri mukuru kupfuura uyo ari mumuviri wangu. Uyo ari mumoyo mangu mukuru kupfuura uyo ari munyama yangu. Nokudaro, Uyo ari mumoyo mangu akasika matenga nyenika. Nyama yangu yakasvibiswa naSatani, uye ndiri temberi yeMweya Mutsvene yokuti ugare. Nokudaro, Satani, ndinokuraira kuti ubude mumutumbi wangu. NemuZita raJesu Kristu, buda ubve mandiri.” Maona? Munozvitenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Zvino ngatinamatei tose nenzira yedu zvino, mumwe nomumwe, pandiri kukunamatirai.

<sup>255</sup> Mwari Samasimba, Musiki wematenga nyenika, Muvambi weupenyu, Muzaruri wezvakanzika zvemoyo, Makati, “Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo nocheke nemativi ose, uye Munzveri wepfungwa dzendangariro.”

<sup>256</sup> Ndicho chikonzero, apo Shoko rakaitwa nyama, Rakaziva zvavaifunga pamusoro pazvo, apo Akaona pfungwa dzavo. Aiva Shoko, uye Shoko raiziva zvakanzika zvemoyo yavo.

Uye Shoko iroro richiri Shoko rimwe chete. Uye manheru ano tinoRiona richiZvizarura matiri, mushure mezviuru zviviri zvemakore, nokuti AkaRinyora pabepa uye ari pano kurisimbisa, nokuriratidza, kuti ndeRemazvirokwazvo.

<sup>257</sup> Pano pane hengechepfu dziri pano. Vanhu vanorwara vari kwese-kwese. Ndinonamata kuti Mweya Mutsvene mukuru uri pano, unoratidza zvinhu izvi, unotaura zvinhu izvi, uye usingakundiye, asi izvo chaizvo, hapana kana nguva imwe chete paUnogona kukundika, nokuti NdiMwari. NgaAzodze mahengechepfu aya neHupo hwaKe, uye upodze munhu wese paanenge aiswa. Uye Mwari Anokwanisa kuva mupenyu, mushure mezviuru zviviri zvemakore, uye anokwanisa kuZviumba mumoyo yevatadzi avo vakadzikinurwa nyenyasha nokutenda, uye agokwanisa kutaura maShoko aKe pachaKe nemumiromo yemunhu, nokuzviona zvichiitika nemazvo izvo zvaAkavimbisa.

<sup>258</sup> O Ishe Mwari, ndinoKukumbirai kuti mutinzwirewo tsitsi. Uye dai murume nemudzimai wose agere muno, ane chero mhando ipi zvayo yehurwere kana dambudziko; uye saMosesi akazvikandira pamukaha, nokuda kwevanhu, manheru ano ndinoisa moyo wangu pamberi peNyuu, Ishe. Uye nokutenda kwese kwandinako, kuri maMuri, kwaMakandipa,

ndinovapa. Sekutura kwaPetro pasuwo rainzi Rakanaka, “Izvo zvandinazvo, ndinokupa. NemuZita raJesu Kristu weNazareta, simuka ufambe.” Zvino murume akanga akaremara uye—uye asina simba kwenguva shomanani, asi, pavakange vakamubata, mapfupa ake epatsoka akawana simba. Zvino akapinda muImba yaMwari, achisvetuka, achirumbidza nokuropafadza Mwari.

<sup>259</sup> Muri mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Zvino muapostori waKe akati, “Izvo zvandinazvo, ndinokupa.” Kwaive kutenda. Uye ndinoti: zvandinazvo, ndinozvipa kuungano iyi! NemuZita raJesu Kristu weNazareta, ramba chirwere chako, nokuti mukuru Uyo ari mauri, pana dhiyahhorosi ari kuedza kutora upenyu hwako. Muri vana vamwari. Ndimi makadzikinurwa.

<sup>260</sup> Ndinoraira Satani kuti asiye vanhu ava. Dai Mwari Akadzosea dutu nezuva riya, Mwari Akaita kuti mhepo nemasaisai zvimire, dai Akaona kuti chirwere chose chabviswa kubva muvanhu ava, uye simba raKristu raratidzwa muhupenyu hwavo panguva ino. Dai mutadzi wose atendeuka. Dai munhu wose, asiri pedyo neMi, agadzirisa panguva ino. Uye ngazvive saizvozvo, nemuZita raJesu Kristu.

<sup>261</sup> Ini, semufundisi wenyu, hama yenyu, nekutenda kwese kwandinako, ndakumbira Mwari kuti vazviise pamuri. Ndinotenda kuti ndichagamuchira zvakumbira. Zvino kana mukazvitenda pamwe chete neni; nokutenda kwese kwandinako, ndinokupai panguva ino.

Uye zvino, nemuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ramba dambudziko rako, hurwere hwako, uti kwazviri, “Unotofanira kuenda,” nokuti une kutenda kwako, pamwe chete nokutenda kwangu, nesimba raJesu Kristu, uko kuva kwaKe kwese-kwese kuri pano kuzvisimbisa nokuratidza kuti Ari pano, kuchakupodzai panguva ino.

<sup>262</sup> Unozvitenda here, mudzimai, urere panhowo? [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti.] Kunyange nyama dzako dzakaita sokunge zvavanoti, sclerosis nezvimwe, unogona kufamba kana ukaedza. Simuka, nemuZita raJesu Kristu. Mubatsirei ipapo. Hoyo uyo. Munotenda here? Vamwe mose, simukai. Mapfupa ake epatsoka agamuchira simba.

Iye zvino ngatisimudzei mawoko edu tiMupe kurumbidzwa.

<sup>263</sup> Jehovha Mwari mukuru, nemuZita raJesu Kristu, tinozviisa kwaMuri kuti tipodzwe. Amen.



*UYO ARI MAURI* SHO63-1110E  
(He That Is In You)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 10 Mbudzi, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)